

# **BIWO SHERIFF BROWARD**

**Depatman Detansyon**



# **GID POU PRIZONYE YO**

Revize  
2022

**DEPATMAN DETANSYON BIWO SHERIFF BROWARD  
GID POU PRIZONYE TAB DÈ MATYÈ**

<b>ENTWODIKSYON</b> .....	3	
<b>DEPO YON KOSYON</b> .....	3	
<b>ABI/AGRESYON SEKSYÈL/LWA SOU ELIMINASYON KADEJAK NAN PRISON</b> .....	6	
<b>CHAJ YO</b> .....	9	
<b>EKONOMAT AK DEPO LAJAN</b> .....	9	
• Koupon Peman		
<b>DEMANN AK DOLEYANS</b> .....	10	
<b>KLASIFIKASYON</b> .....	11	
<b>INITE SIPÈVIZYON DIRÈK YO</b> .....	11	
<b>KOURYE LAPÒS</b> .....	11	
• Anplasan Etablisman ak Adrès Kourye Lapòs yo		
<b>SÈVIS NOTÈ</b> .....	12	
<b>ETRANJE / ETRANJE KI REZIDAN</b> .....	13	
<b>PRIVILÈJ TELEFÒN</b> .....	13	
• Move Itilizasyon Privilèj Telefòn yo		
• Nimewo Telefòn Gratis yo		
<b>KIJAN POU APLIKE POU YON AVOKA LETA PEYE POU DEFANS OU</b> .....	14	
<b>JWENN ENFÒMASYON KONSEAN TRIBINAL LA</b> .....	14	
<b>LWA AMERIKEN KI ANDIKAPE (AMERICANS WITH DISABILITIES ACT, ADA)</b> .....	15	
<b>ESPAS POU VIV</b> .....	15	
• Enfòmasyon Pano Afichaj		
<b>PWOSEDI IJANS /EVAKYASYON</b> .....	15	
<b>PWOPRIYETE PÈSONÈL</b> .....	16	
<b>RAD POU METE POU PARÈT NAN TRIBINAL</b> .....	16	
<b>DISTRIBISYON RAD ak DRA POU KABANN</b> .....	16	
<b>IJYÈN PÈSONÈL</b> .....	16	
<b>SÈVIS LESIV</b> .....	16	
<b>KONTREBANN</b> .....	17	
<b>FOUY</b> .....	17	
<b>RÈG AK DISIPLIN</b> .....	17	
• Deklare Enfraksyon	• Pwosesis Odyans Disiplinè	• Sanksyon yo
• Envestigasyon	• Konklizyon Disiplinè	• Pwosesis Kontestasyon Disiplinè
<b>KÒD KONPÒMAN</b> .....	19	
• Abi /Agresyon Seksyèl		
<b>IMOBILIZASYON FANM KI ANSENT</b> .....	21	
<b>VIZIT YO</b> .....	21	
• Règ pou Vizitè yo		
<b>SÈVIS SWEN SANTE</b> .....	22	
• Aksè		
• Lis Pri yo		
• SIDA / VIH		
<b>SÈVIS SWEN POU CHEVE</b> .....	24	
<b>SÈVIS RELIJE</b> .....	24	
<b>DIVÈTISMAN</b> .....	25	
<b>PWOGRAM YO</b> .....	25	
<b>BIBLIYOTÈK LEKTI (DIVÈTISMAN)</b> .....	25	
<b>ANREJITREMAN PREZANS AK RE-ANTRE A</b> .....	26	
<b>DIVIZYON SÈVIS ANVAN PWOSE</b> .....	26	
<b>ANYÈ SÈVIS KI DISPONIB APRÈ LIBERASYON</b> .....	27	
• Chèlètè	• Manje	• Pwogram Fòmasyon
• Sèvis pou Dwòk ak Alkòl	• Veteran yo	• Pwofesyonèl - Teknik
• Swen Sante	• Djòb	
<b>LIS ATIK KI OTORIZE NAN SELIL</b> .....	31	
<b>ENFOMASYON SOU RETABLISMAN DWA VOT YO</b> .....	32	
<b>OBSÈVASYON</b> .....	34	

**ENTWODIKSYON:** Ou an detansyon nan youn nan etablisman Biwo Sheriff Konte Broward la, Depatman Detansyon. Estaf nou an responsab pou swen ak sekirite w pandan tout tan ou nan prizon. Pou asiste estaf la epi pou sa ka itil ou, tanpri li **Gid pou Prizon** sa a epi respekte règ yo. Lè ou li gid la, w ap konprann a kisa oud we atann ou epi kisa moun ap atann de ou. Dwa ak responsablite w yo esplike nan gid sa a. Si ou pa konprann enfòmasyon ki nan gid sa a, mande estaf nou an pou li ba w asistans.

Gid sa a gen tou enfòmasyon konsènan pwogram ak sèvis ki disponib pou w pandan ou nan prizon. Si ou gen kesyon konsènan fason pou peye kosyon an, pou patisipe nan pwogram, peman chaj sibistans yo oubyen chaj / pwoblèm ki fè ou nan prizon, tcheke kyòk enfòmasyon an oswa mande responsab lojman (housing deputy) oubyen lòt manm estaf la asistans pou jwenn repons nan nenpòt kesyon ou gendwa genyen.

**Enfòmasyon ki nan gid sa a itil menm aprè ou fin lage.** Li gen ladann enfòmasyon presye ou kapab itilize pandan ou nan prizon ansanm ak idantifye pwèn komntak nan kominote a ak sèvis tou aprè yo fin lage w. Pandan ou nan prizon, ou dwe aprann byen tout sa ki nan gid sa a, swiv règ yo epi obeyi lòd estaf la.

**Obsèasyon: Politik, pwosedi, règ ki dekri nan gid sa a gendwa chanje detanzantan avèk oswa san preyavi, epi se pa paske yo enkli nan dokiman sa a kifè ou ta dwe entèprete sa kòm kwa li kreye yon libète oubyen yon enterè de wopriyete kèlkonk.**

**ENFÒMASYON JENERAL:** Lè yo te plase w an detansyon anba responsablite Prizon Konte Broward la, yo te ba w yon nimewo arestasyon (**CIS #**). Nimewo sa a pral idantifye w pandan tout tan ou nan prizon. Se responsablite w pou aprann pa kè nimewo arestasyon w. Sa va ede nou ak oumenm tou idantifye epi lokalize byen pèsònèl ou yo ansanm ak nenpòt ki pwoblèm ki enpòtan pou w.

Ou pral rete nan youn nan etablisman nou yo jiskaske ou peye yon kosyon, yo lage w epi plase w nan pwogram Liberasyon Anvan-Pwosè (Pretrial Release), yon jij adjije dosye w, yo lage w sou pwòp kosyonman pa w (ROR) oubyen ou fin pirje santans ou. Ou ta dwe dirije kesyon jiridik konsènan dosye w epi/oswa detansyon andeyò Konte/Eta a bay avoka w oswa avoka defansè piblik leta peye pou w. Tizak enfraksyon (Misdemeanor) ak kontravansyon pral jije nan Tribinal Konte, tizak (deli) dwe prezante nan Tribinal Sikwi, epi si ou la a poutèt yon detansyon sivil, yo pral prezante dosye a nan yon odyans devan yon jij Tribinal Sivil. Si yo kondane w pou akizasyon sou labaz vyolasyon lwa Eta a pou ale an prizon pou yon lane oswa mwens, ou pral rete pandan tout santans ou nan youn nan etablisman Prizon Konte Broward yo. Si santans ou pou vyolasyon lwa Eta a gen plis pase 1 lane, yo pral transfere w nan Depatman Koreksyon Eta Florid (Florida Department of Corrections), akondisyon pou **tout** chaj ou poko pase tan nan prizon pou yo fin rezoud. Si yo kondane w sou labaz vyolasyon lwa federal epi pa gen okenn akizasyon ki poko rezoud, yo pral trasnferè w nan Biwo Prizon Federal (Federal Bureau of Prisons) la.

**PEYE KOSYON AN:** Si ou te gen lajan nan men ou lè yo te mete w an detansyon, yo ouvri yon kont lajan otomatikman epi ou kapab itilize l pou peye kosyon an pou yo lage w. Ou kapab fè sa nan yon Demann Administrasyon Prizon (Inmate Administration Request), sou-kategori nan 'Oto-Kosyonman' ("Self-Bond"). Ou pral jwenn aksè pou gade kont ou an nan kyòk prizon a ki chita nan sal lajounen yo w ki nan chak etablisman. Yon kosyon lajan kach ka afiche pa prizon a oswa nenpòt lòt moun.

**Ajan Kosyonman:** Ou gendwa kontakte yon ajan kosyonman pou li peye yon kosyon pou w. W ap jwenn yon lis nimewo ki afiche nan lojman inisyal la, nan zòn miz an detansyon ak arestasyon yo, ansanm ak nan kyòk prizon yo ki nan inite lojman yo.

**Sèvis Gichè Otomatik pou retire Lajan (Automatic Teller Machine, ATM)** yo disponib tou nan zòn liberasyon / mizan detansyon an nan Broward Sheriff's Office, Main Jail - 555 SE 1st Avenue, **pou objektif kosyonman imedyat oswa oto-kosyonman sèlman**, epi w ap dwe peye yon chaj, pou chak tranzaksyon. Bank ou an gendwa aplike yon chaj anplis de frè sa a.

**Prizon Presipal Fenèt Kach:** Lajan kach ka afiche nan fenèt la Lajan Kach nan prizon prensipal la soti nan 6:30am a 10:15 pm sèt jou nan yon semèn. (Pa gen frè sèvis pou afiche kosyon lajan kach la an pèsòn).

**Sèvis Kolet Western Union:** Sèvis sa a pèmèt yons moun kapab voye kòb ba w apatide nenpòt kikote nan

peyi a, rive nan prizon an, an kèk minit pou peye kosyon an oubyen pou fè yon depo nan kont ekonomat (gadmanje + ti boutik) w lan.

- POU TRANZAKSYON KACH:** Rele Western Union nan 1-800-325-6000 oubyen al gade nan [www.westernunion.com](http://www.westernunion.com) pou jwenn lokasyon ki pi pre w lan.

Ale nan lokasyon Western Union lan avèk:

- Montan lajan kach ou vle voye a
- Montan chaj Western Union lan kach (Ki baze sou montan w ap voye a / \$5,000 maksimòm pou chak tranzaksyon)

### RANPLI FÒM KOLÈK RAPID BLUE A (BLUE QUICK COLLECT FORM)

- Asire w ou enkli enfòmasyon sa yo lè w ap ranpli Fòmllè Ble a:
  - Peye: Cherif nan Konte Broward
  - Kòd Vil / Eta: COPS / FL
  - Nimewo kont: Antre nan nimewo a arestasyon / CIS ak Intemate Dènye / Preme non.
  - Yon frè sèvis ap aplike.
- Sonje pou kenbe resi a pou w kapab swiv lajan an.

### OSWA

- **POU SÈVIS NAN TELEFÒN AVÈK YON KAT KREDI:** Rele Western Union nan 1-800-634-3422 (Peze 2 pou voye peman Q/C). Gen yon limit \$400.00 montan tranzaksyon pou **Quick Collect nan Telefòn si tranzaksyon an gen orijin li nan Eta sila yo: Connecticut, Maine, Massachusetts, Minnesota ak New York.**

### OSWA

- **POU SÈVIS SOU ENTÈNÈT LA: MANDE POU YON FANMI W AL TCHEKE WÈBSAYT LA POU QUICK COLLECT ANLIY NAN: [www.westernunion.com](http://www.westernunion.com)**
  - **Pou voye lajan pou peye yon kosyon, moun k ap voye lajan an pral dwe bay Western Union enfòmasyon sila yo:**
    - Moun pou peye a: **Broward Sheriff Cash Bonds**
    - Kòd Vila k Eta a: **COPS / FL**
    - Nimewo Kont ak Etablisman w lan: **Nimewo ID Prizonye (Nimewo Arestasyon/CIS #)**
    - Attention: **Non, Dat nesans**
    - Montan an dola pou voye a:
    - Nimewo Kat Kredi ak Dat
    - Ekspirasyon: Bank ki te Emèt Kat
    - Kredi a:
  - **Pou anvwaye lajan pou ekonomat (gadmanje + ti boutik) a, moun k ap voye lajan an dwe bay enfòmasyon ki annapre yo:**
    - Peye bay: **Broward Sheriff Inmate Bank**
    - Kò Vila k Eta a: **Canteen Florida**
    - Nimewo Kont ak Etablisman w lan: **Non Prizonye a ak Nimewo ID (Nimewo Arestasyon/CIS #)**

Montan an Dola pou Voye:  
Nimewo Kat Kredi ak Dat  
Ekspirasyon: Bank ki Emè Kat  
Kredi a:

- **Enfòmasyon Moun ki Voye Lajan a:**

Yo kalkile chaj Western Union an selon montan ou ta renmen voye a Chaj labank yo gendwa aplikab Quick Collect Online ([www.westernunion.com](http://www.westernunion.com)) disponib nan tout 50 Eta yo (gen sèten restriksyon ki gendwa aplikab)

- Yon moun nan fanmi/ moun ou renmen w kapab peye anliy tou nan [www.govpaynow.com](http://www.govpaynow.com) ak yon kat debi oswa kredi oubyen nan telefòn nan 1-877-EZBAIL5(1-887-392-2455). Manm fanmi / moun ou renmen an ta dwe gen enfòmasyon prizonye a (non, arestasyon / CIS, dat nesans (si ou vle) anvan li kontinye [www.govpaynow.com](http://www.govpaynow.com). Yon frè sèvis ap aplike.

---

## ABI / AGRESYON SEKSYÈL / LWA SOU ELIMINASYON KADEJAK NAN PRIZON

### (PRISON RAPE ELIMINATION ACT, PREA)

Kongrè a te adopte Lwa sou Eliminasyon Kadejak nan Prizon (The Prison Rape Elimination Act, PREA) nan dat 4 septanm 2003. BSO te etabli tou yon politik tolerans zewo konsènan move konpòtman seksyèl oswa abi sou prizonye yo. Ou gen dwa pou pa sibi okenn kraponnay oswa presyon nan men estaf la, prizonye yo oubyen nenpòt lò moun ki vle fòse w fè oswa patisipe nan konpòtman seksyèl, kèkeswa sityasyon ou ye kounye a oswa oryantasyon seksyè ou.

Move konpòtman seksyèl siyifi nenpòt konpòtman oubyen zak ki gen aspè seksyèl yon manm estaf, yo volontè, yon vizitè yon reprezantan ajans oubyen lòt moun toujou fè sou yon prizonye pandan li nan Prizon Konte Broward. Sa gen ladann zak oubyen tantativ pou fè zak ki gen ladann, men se pa sasèlman:

1. Kou ak blesi seksyèl, agresyon seksyèl, abi seksyèl, aktivite pou bay yon lòt moun plezi seksyèl, pèsekisyon seksyèl, konpòtman seksyèl, vilgarite oswa yon envazyon nan zafè mou ki pa rezonab; epi
2. Sa gen ladann tou konvèsasyon oswa korespondans ki sijere yon relasyon seksyèl womantik antyon prizonye ak nenpòt moun ki endike anwo a.
  - **PREVANSYON** – prevansyon move konpòtman seksyèl gendwa fèt si ou pran konsyans de tout sa ki toutotou w. Pa aksete kado ni favè, pifò prizonye pral vle ou ba yo yon bagay an retou. Pa aksepte òf pwoteksyon, estaf detansyon an la a pou sa. Rete zye klere; si w pran nakotik kontrabann, sa kapab fose jijman ou. Pale dirèk epi rete djanm lè ou di non pou refize fè aktivite ou pa vle. Si ou pè pou sekirite w, di sa estaf la touswit.
  - **FÈ RAPÒ** – sou move konpòtman seksyèl kapab fèt swa aloral oubyen si w itilize lòt opsyon ki make anba la a. Yo pral pwoteje kont agresyon a epi yo pral refere ensidan an ba yon investigatè pou li fè ankèt. Ou gendwa bezwen fè yon egzamen medikal. Pa netwaye kò w, li enpòtan pou yo egzamine w anvan ou lave, ou chanje rad oubyen ou ale nan twalèt. Se sèlman moun ki bezwen konnen sa kit e rive w k ap jwenn aksè nan rapò yo konsènan idantite viktim kou ak blesi seksyèl la ansanm ak fè rapò a, pou yo kapab pran yon desizyon konsènan byennèt ou an epi pou bezwen investigasyon an
  - **ENVESTIGASYON** – Biwo Sheriff la pral òganize investigasyon an. Objektif investigasyon an se pou detèmine tip ak gravite move konpòtman an. Yo gendwa mande w pou ou bay yon deklarasyon epi si yo prezante akizasyon penal kont agresè a, yo kapab mande w pou w temwaye. Pandan pwosesis sa a, Klasifikasyon pral òganize lojman ki apwopriye pou viktim epi / oswa sispè a pou asire sekirite w.
  - **TRETMAN AK TERAPI-KONSÈY** – TEstaf medikal la pral ba w tretman. Yo pral voye w al jwenn yon Defansè Viktim. Sizoka ou bezwen plis asistans pou refè sikolojikman, omyon a oswa founisè swen sante mantal ki anba kontra kapab founi plis asistans.

### Konsèy pou Evite Tounen yon Viktim:

- Toujou aji yon fason ki montre ou gen konfyans nan tèt ou. Pa kite lòt moun yo wè emosyon (laperèz / anksyete) ou yo.
- Pa aksepte kado ni favè nan men lòt moun.
- Pa aksepte òf pwoteksyon nan men lòt prizonye yo.
- Jwenn nenpòt manm nan estaf la ou alèz ak li pou eksprime krent ak preyokipasyon ouyo.
- Kenbe zye w klè epi pran konsyans sa ki toutotou w.
- Pale yon faskin ki dirèk epi rete djanm, si lòt moun mande w fè yon bagay ou pa vle fè, pa ezite denonse rapòte enfòmasyon sa a bay estaf la.
- Fè ensten w yo konfyans. Si ou santi sityasyon an gendwa vin danjere, se siman vre. Si w pè pou sekirite w,

notifye nepòt estaf touswit.

**Metòd pou Rapòte:** Si ou pa santi w alèz pou rapòte yon ensidan konsa dirèteman ba yon manm estaf la, ou gendwa fè youn nan etap ki endike anba la yo;

- Rele nimewo gratis PREA Biwo Sheriff Broward la nan (954)831-3775
- Rapòte ensidan an bay nepòt volontè, kontraktyèl, estaf medikal oswa sante mantal
- Pwosesis doleyans nan kyòsk elektwonik la oubyen yon fòm papyè doleyans
- Rapòte ba Kowòdonatè PREA a oswa Manadjè Konfòmite PREA a
- Di yon moun nan fanmi w, yon zanmi, yon avoka oubyen nepòt lòt moun andeyò etablisman an. Yo gendwa rapòte le ou rele PREA liy direk (954) 831-3775.
- Zafè Entèn – nimewo telefòn: 954-831-1100
- NIMEWO GRATIS NASYONAL AGRESYON SEKSYÈL (NATIONAL SEXUAL ASSAULT HOTLINE) – 800-656-4673

Moun ki pa respekte règ yo pral resevwa akizasyon penal anplis ak mezi disiplinè nan etablisman an epi yo gendwa sibi yon re-klasifikasyon ki debouche sou yon nivo detansyon ki pi wo ak plis restriksyon nan lojman yo toujou.

**Obsèvasyon: Nepòt moun ki entansyonèlman fè yon plent kont PREA ki fo pral sibi mezi disiplin / pouswit devan lajistis.**

**Sèvis Sipò Viktim:** Biwo Sheriff Broward la te kolabore ak Sant Nancy J. Cotterman lan pou bay sivivan abi seksyèl yo sèvis sipò emosyonèl. Pou jwenn aksè nan sèvis sa yo, kontakte **(954) 761- RAPE (7273)** oubyen anwaye yon korespondans nan adrès sa a: **Nancy J. Cotterman Center** 400 N.E. 4th Street Fort Lauderdale, FL 33301.

## CHAJ YO:

**Sibstans:** Prizonye yo ap dwe peye yon chaj sibstans toulejou pou konpanse depans lojman yo. Yon lis pri sibstans afiche nan zòn lojman ou an. Prizonye ki soti nan Prizon Eta a p ap dwe peye yon chaj pou sibstans epi/oswa pou inifòm si yo la sèlman kòm **temwen pou pwosè yon lòt moun**.

**Medikal:** Gen yon lis pri pou dives sèvis medikal. Tanpri al gade nan seksyon “Sèvis Swen Sante yo” pou w kapab jwenn plis enfòmasyon.

**Pri Tenm yo:** Se pou prizonye yo achte tenm pou tout korespondans lapòs pou leksteryè.

**Evalvasyon Chaj:** Yo pral dedsi chaj ki yon prizonye genyen pou peye nan balans kont prizonye a. Si yon prizonye pa gen lajan nan kont li pou peye chaj pou inifòm, tenm ak swen medikal nan moman yo pral dedwi yo, yo pral debite kont la pou montan li dwe a, epi yo pral touche chaj yo lè yo depeze lajan sou kont la. Yo pral kolekte chaj pou sibstans nan kont yo ki gen balans pozitif, epi yo p ap akimile.

Yo pral faktire prizonye yo lage ki gen yon balans yo dwe pou inifòm, tenm epi/oswa chaj medikal yo yo re-mete nan prizon nan anvan twa (3) zan fin pase, balans yo dwe a pou arestasyon ki vini apre a/yo epi yo pral dedwi chaj sa yo nan lajan yo depeze sou kont prizonye a.

**Ranbousman Chaj:** Prizonye ki p ap sèvi santans yo epi yo akite oswa retire responsabilite sou tout akizasyon gendwa jwenn yon ranbousman, si yo fè demann lan, pou tout chaj sibstans prizonye a te peye. Pou jwenn ranbousman sa a, se pou prizonye a prezante yon demann alekri nan trant (30) jou aprè li fin lage epi li dwe enkli yon kopi desizyon tribinal la. Yo p ap aksepte okenn demann nou resevwa aprè plis pase trant (30) jou aprè yo fin lage l.

---

**EKONOMAT (GADMANJE + TI BOUTIK) ak DEPO LAJAN:** Ou gendwa sèvi ak kont lajan ou pou fè acha chak semèn nan ekonomat (gadmanje + ti boutik). Tcheke pwogram aktivite yo pou jou kòmand ou an ak jou livrezon an. Yo gendwa depeze lajan nan kont ou an selon divès metòd:

- Yo ka fè depo lajan kach epi/oswa kat kredi nan yon kyòsk ki nan resepsyon nan etablisman prizon pandan lè nòmal biwo yo louvri, 7 jou sou 7. Yo mete yon chaj sou depo moun fè nan kyòsk ki nan sal resepsyon an epi yo dwe bay non konplè w, nimewo arestasyon ou ak **montan lajan kach yo dwe depeze a (Yo p ap fè okenn chanjman)**.
- Ale sou Entènèt nan [www.smartdeposit.com](http://www.smartdeposit.com) oswa [www.westernunion.com](http://www.westernunion.com) (al gade anlè a pou Quick Collect Service); oubyen
- Voye yon manda postal nan (money order) nan etablisman kote ou ye a. Manda postal yo resevwa **nan kourye lapòs dwe gen** non konplè w sou li ansanm ak nimewo arestasyon ou.

Di zanmi ak fanmi w **pa voye lajan kach ni okenn chèk pèsone l nan kourye lapòs**. Ou pral gen aksè pou gade balans kont ou an nan kyòsk pou prizonye yo ki nan sal lajounen nan chak etablisman. **Ekonomat (gadmanje + ti boutik) se yon privilèj epi si w abize privilèj sa a, yo pral limite li oubyen revoke l akòz sanksyon disiplinè.**

**Koupon Peman:** Si w bezwen bay lajan yon moun ki andeyò prizon an, se pou w ranpli yon fòm kupon peman. Mande responsab lojman (housing deputy) ou pou li ba w yon kupon. Si ou bezwen yon moun ede w ranpli l, yo pral ede w. Fini an nan kupon an dwe fèt nan lank, temwen pa yon anplwaye BSO, epi gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo. **Ou pa kapab voye yon moun ki an prizon nan yon Prizon Konte Broward lajan ak yon kupon.** Ou dwe voye yon demann alekri pou mande otorizasyon pou nenpòt eksepsyon bay kòmandan etablisman (yo) epi yo dwe ba w otorizasyon an pou sa. Yo voye lajan kupon yo nan kourye sètifye epi prizonye yo ap dwe peye pou pri tenm yo.

Lajan kupon yo pa disponib pou yo vin ranmase li. Eksepsyon nan vin chèche yon chèk se pou aktivite kosyon sèlman ak kritè ki endike yo: non Ajans Kosyonman an epi / oswa adrès li ta dwe endike sou kupon an epi li ta dwe fèan prezans yon temwen. Ajan Kosyon an dwe prezante yon kat idantite Eta Florid ki valab oswa yon lisans chofè machin ki valab epi prezante Kat Ajans Kosyon an pou resevwa chèk la.



**DEMANN AK DOLEYANS PRIZONYE YO:** Tout demann prizonye ak doleyans yo konplete elektwonikman nan kyòsk ki chita nan inite lojman ou an. Si sistèm kyòsk la pa mache, alòs mande responsab lojman ou an pou li kapab ba w yon Fòm papye Demann Prizonye. Si ou bezwen asistans oswa ou gen yon pwoblèm medikal oswa yon lòt kalite pwoblèm ki anpeche w sèvi ak kyòsk la, tanpri kontakte responsab inite lojman ou an pou jwenn èd.

**Demann Prizonye yo:** Gen twa (3) tip fòm demann (papye oswa elektwonik) ki disponib pou w kapab itilize; **Demann Prizonye a, Demann Medikal la ansanm ak Demann Bibliyotèk Jiridik la.**

- Demann Prizonye a disponib nan kyòsk elektwonik inite lojman ou an oubyen antanke yon fòm papye responsab lojman an bay lè sistèm kyòsk la pa mache. Se pou yo sèvi avèk li lè w ap mande sèvis oubyen enfòmasyon nan divès inite detansyon.
- Demann Medikal la disponib sou fòm papye epi se **sèlman** estaf medikal la ki kapab bay li. (Se sèlman estaf medikal la ki kapab resevwa yo). **Pa bay responsab (deputies) yo fòm demann medikal ki ranpli yo. Si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri al gade nan seksyon an ki rele “Sèvis Swen Sante”, ki anba la a.**
- Yon fòm Bibliyotèk Jiridik disponib nan inite lojman ou an. Se pou ou itilize li lè w ap mande sèvis jiridik nan Bibliyotèk Jiridik la. Tout demann pou sèvis ki soti nan Bibliyotèk Lalwa a dwe soumèt sou yon Fòm Demann Bibliyotèk Alekri. Demann Bibliyotèk Jiridik yo limite a yon sèl (1) demann pou chak prizonye nan yon semèn. Yon lis règ ak fòm jiridik ki pi abityèl yo nan kyòsk inite lojman ou an. Tanpri remake estaf Bibliyotèk Jiridik la pa bay konsèy jiridik. Si ou gen kesyon konsènan dosye w, kontakte avoka w.

**Obsèvasyon:** Si w bezwen enfòmasyon enfòmasyon oubyen ou gen yon preyokipasyon konsènan sa ki annapre a, tanpri kontakte avoka w oswa Sekretè Tribinal yo:

- Si sa fè plis pase 21 jou ke ou la epi ou poko gen yon dat pou pwosè nan tribinal la
- Ou gen kesyon konsènan petisyon nan tribinal (pa egzantp, prezante mosyon, demann pou yonpwosè akselere, elatriye)
- Ou bezwne yon verifikasyon Kazye jidisyè oubyen yon verifikasyon Lisans Chofè Machin
- Ou gen kesyon ki gen pou wè ak Tribinal Sivil la
- Ou bezwen konnen dat pwosè w nan tribinal la

**Doleyans Prizonye yo:** Si ou vle pote plent konsènan jan etablisman an ap fonksyone, pwosedi yo oubyen estaf la, swiv pwosedi sa a pou jwenn yon solisyon.

1. Premyèman, pale ak responsab lojman (housing deputy) w oswa estaf medikal la. Si yo **pa kapab** rezoud plent lan, alòs mande pou pale ak sèjan inite a oubyen ofisye an-chaj (officer-in-charge, OIC) la.
2. Si sèjan inite a, oswa OIC an, pa kapab rezoud plent ou an, itilize kyòsk elektwonik lan ki nan inite lojman ou an pou prezante doleyans ou. Se oumenm ki dwe pran desizyon final la pou konnen si ou pral prezante yon doleyans oswa pa.
3. Ranpli **Doleyans Prizonye a** nan kyòsk inite lojman an. Si sistèm kyòsk la pa mache, mande yon Fòm Doleyans Prizonye nan men responsab lojman (housing deputy) ou an.
4. Oud we prezante doleyans yo nan **senk (5) jou ouvrab** apatide moman ou te vin konnen ensidan / pwoblèm sof si doulè a se rapòte yon agresyon seksyèl swadizan (pa gen limit tan).
5. Yo pral voye **Doleyans Prizonye a** al jwenn otorite ki apwopriye a pou li kapab ba w yon repons. Ou pral resevwa yon repons, nan dis (10) jou ouvrab apatide dat otorite apwopriye a resevwa plent ou an.
6. Si w pa satisfè ak repons lan, ou gendwa prezante yon kontestasyon bay kòmandan etablisman an oswa moun li deziyen an; pou fè sa, ranpli seksyon kontestasyon doleyans lan. Ou dwe prezante kontestasyon an nan senk (5) jou apre ou resevwa repons alekri a. Ou pral resevwa yon repons final nan ven (20) **jou ouvrab**. Si kòmandan etablisman an oswa moun li deziyen an pa kapab ba w yon repons satisfèzan pou doleyans ou an nan ven (20) jou ouvrab, yo pral ba w yon rezon nan ven (20) jou ouvrab sa yo. Kòmandan etablisman an oswa moun li deziyen an pral reponn ou answit pou di w kilè ou ta dwe prevwa rezonabman pou resevwa yon repons. Pa bliye: ou p ap toujou resevwa repons ou vle a, epi yo gendwa pa kapab rezoud pwoblèm yo touswit.

7. Pwoblèm annapre yo **pa kapab prezante kòm doleyans** - klasifikasyon, mezi disiplinè ak atribisyon lojman. Si ou gen preyokeyasyon konsènan pwoblèm sa yo, ou dwe prezante yon **Fòm Demann Prizonye. (AL GADE NAN PWOSESIS KONTESTASYON DISIPLINÈ ak seksyon KLASIFIKASYON yo)**
8. Yo dwe prezante plizyè doleyans prizonye apa pou chak pwoblèm ou kapab plenyen sou li a. Nou pa akseptè doleyans angwoup pou plizyè prizonye sou yon sèl fòm.

**KLASIFIKASYON:** Yo pral klase w nan 72èdtan aprè yo fin arete w. Yo pral ba w yon nivo detansyon minimum, medyòm oubyen maksimòm ki baze sou kritè Klasifikasyon Prizon Objektif. Ou pral loje nan yon zòn nan prizon an ki satisfè bezwen ou yo ak bezwen prizon an. Pandan tan ou nan prizon, yo gendwa deplase w plizyè fwa. Lè yo chanje seleksyon lojman ou an, yon Depite pral enfòmè w desa epi ou dwe respekte lòd yo ba w an. **Si w refize swiv yon estaf, yo pral fè yon rapò disiplinè epi yo pral re-plase w nan yon lojman ki pi restriktif. Nivo detansyon w gendwa bese epi yo plase w nan yon lojman ki mwens restriktif, si w respekte tout règ etablisman yo epi ou gen bon konpòtman epi/oswa ou fin fè yon pwogram nètale.** Si w vle patisipe nan youn nan pwogram ki disponib yo, ou gendwa prezante yon demann prizonye bay Inite Klasifikasyon an ou li egzamine l. Klasifikasyon pa kapab sijè yon doleyans. Ou kapab konteste klasifikasyon ou an si ou prezante yon demann prizonye. Si ou gen nenpòt preyokeyasyon konsènan lojman ou an oubyen ou bezwen founi enfòmasyon bay Inite Klasifikasyon an, pale ak yon Deputy oubyen prezante yon demann bay Inite Klasifikasyon an.

**INITE SIPÈVIZYON DIRÈK YO:** Inite sipèvizyon dirèk yo ankouraje entèyaksyon ant estaf ak prizonye yo epi sèten nan inite sa yo oryante sou pwogram pou prizonye ki enskri. Faktè pi enpòtan pou detèmine ki prizonye yo pral plase nan inite sa yo, se nivo klasifikasyon ak konpòtman nan etablisman an. Si ou montre san rete ou kapab konfòme ak règ etablisman yo epi ou kapab kenbe konpòtman sa a yon fason ki konsistans ak apwòch sipèvizyon dirèk la, yo gendwa chwazi w pou plase w nan inite sa yo. Si ou gen yon konpòtman ki ensolan, manke respè, kreye dezòd oswa ki vyolan, ou p ap kalifye pou plasman nan selil sayo.

Kou w loje nan yon inite sipèvizyon dirèk, yo pral oryante w osijè règ sipèvizyon dirèk yo. Si w chwazi pa respekte règ yo, yo pral retire w nan inite sipèvizyon dirèk yo epi yo pral chanjman plasman ou. Selon ki règ ou pa respekte a, yo gendwa pran mezi disiplinè kont ou. Sa gendwa afekte nivo klasifikasyon w ak plasman ou nan yon tip lojman. Pa bliye, se w ki responsab pou konpòtman ak aksyon w yo ansanm ak pou konsekans konpòtman w.

## KOURYE LAPÒS:

- Tout lapòs fèk ap rantre woutin dwe nan fòm lan nan yon kat postal pre-stamped akseptab. Nenpòt lapòs pa satisfè kritè akseptab yo pral retounen nan sèvis lapòs la yo dwe okipe kòm pou chak règleman yo ak règleman yo. Deskripsyon fòm posts akseptab ak akseptab yo jan sa a:
  - O fòm posts akseptab: Kat postal yo dwe pre-stamped ak omwen 3 1/2 x 5 pous. Gwosè maksimòm lan pèmèt yo pa pi gwo pase 4 1/4 x 6 pous. Ekri dwe nan lank ble oswa lank nwa.
  - Fòm posts ki pa akseptab: Kat soud oswa chanje; plastik oswa anbalaj sou kat yo; kat postal ki make avèk penti, kreyon, watermak, oswa tach; kat postal ak nenpòt biohazards gen ladan lipstick oswa pafen; kat postal ki dekri nidite; imaj eksplisit nan aktivite seksyèl, kontni sijere, zam, mesaj kòd, oswa referans gang; lajan, etikèt, oswa avek stickers sonnen tache ak kat la; imaj oswa resanblans moun k ap resevwa a oswa lòt prizonye (yo); kat posts siplemantè; pliye sou posts milti-lanse; ak anprint holograms sou kat postal.
- Tout foto yo poste nan dwe enprime sou kat postal aktyèl yo. Foto tache (glise, dòmi, papyè clipped, elatriye) nan yon kat postal nan nenpòt fason pa pral akseptè.
- Anvlòp yo achte oswa jwenn nan komisè yo pral itilize sèlman pou sòti lapòs legal / privilejye.

Korespondans ki antre epi ki soti nan etablisman an **dwe gen non ou sou yo**, non ou te bay lè yo te areste w, nimewo arestasyon (CIS #), anplasman lojman an epi adrès lapòs etablisman an ote ou loje. **Pa itilize adrès pèsònèl ou kòm adrès retou a.** Adrès bwat postal PO Box nan chak etablisman liste anba a epi oud we itilize yo. Tout kourye lapòs (**ekseptè korespondans avoka oswa tribinal**) epi enspekte li pou wè si pa gen kontrebann anvan yo remèt ou li. Yo p ap louvri korespondans avoka oswa tribinal ki antre nan etablisman an pou w si w pa prezan.

Lapòs ap rantre / liv ki pita rejte, men yo pral antrene yon pri pou BSO retounen nan moun k ap fè rankont la, yo pral mete yo nan pwopriyete w la pou jiska dis (10) jou sou ou resevwa avi a lapòs rejte. Apre ou fin avize w nan lapòs rejte / liv, ou pral gen dis (10) jou pou pran yon kupon pou ranmase via kupon. Si apre dis jou yo rejte lapòs / liv yo pa te vouchè deyò epi ranmase, lapòs rejte / liv yo pral jete nan.

Yo pral voye tounen korespondans ki gen foto / materyo ki obsèn epi kourye yo panse ki yon menas sekirite oswa sirte pou estaf la, prizonye yo oubyen etablisman bay moun ki voye l. Si ou vle resevwa materyo bibliye nan men sous andeyò, ou dwe ranpli yon Demann Prizonye. Yo pral voye demand la bay kòmandan etablisman an pou li egzamine epi apwouve l. Tout materyo ki bibliye ki soti andeyò dwe peye alavans, epi se editè oubyen founisè otorize ki dwe voye l. Se pou yo prezante yon demann alekri pou gwo tèks relijye tankou la Bib, Torah oubyen Koran an sou yon fòm Demann Prizonye bay Chaplen an.

Gen divès liv pou li ki disponib nan Bibliyotèk Divètisman an. Chak prizonye gendwa kenbe de (2) atik ototal pou li nan selil yo. (Liv pwogram etablisman an founi pa enkli nan total sa a.) Ou gen dwa resevwa rad pou tribinal nan kourye lapòs, si ou te jwenn apwobasyon alavans nan men Inite Pwopriyete a. Atik espesifik tankou linèt, aparèy pou tande, elatriye, gendwa rive nan kourye lapòs si founisè medikal la te bay apwobasyon li alavans. Tout atik yo dwe pase yon enspeksyon sekirite anvan yo te lage ou.

Lapòs yo dwe voye soti yo pral nan fòm lan nan yon kat postal oswa salitasyon achte / jwenn nan komisè. Ekonomat (gadmanje+ ti boutik) a pral bay chak semèn de (2) kat postal ak yon (1) kreyon, chak semèn si yo fè demann la, ba prizonye sa yo ki pa gen mwayen. Prizonye yo ki gen yon balans kont ki en dola (\$1.00) oswa mwens, n ap konsidere yo pa gen mwayen. Apre yon deputy fin egzamine l, w ap gen dwa fèmen anvlòp la anvan pou yo livre li nan sal kourye a, men li dwe make aklè "**Legal Mail**" sou li. Yo sanble kourye epi yo livre yo toulejou ekspte samdi, dimanch (ak jou ferye enpòtan yo).

Yo pa kapab voye oubyen resevwa kourye lapòs ki soti nan yon lòt etablisman koreksyonèl oubyen detansyon, ekseptè si kòmandan etablisman yo apwouve li ni nan etablisman kote kourye a soti ak ni nan etablisman k ap resevwa korespondans lan. Anplasman sit yo ak adrès lapòs etablisman prizon nou yo make anba la a.

**Tout kourye privilèj ki soti nan yon etablisman prizon Konte Broward gen mak tanpon ki deklare: Atansyon: Kourye sa a soti nan yon Etablisman Prizon Konte Broward. Kourye prizonye yo pa anba sansi epi Sheriff la pa kapab pran responsabilite pou sa ki andedan an.**

### **ADRÈS ETABLISMAN YO:**

**Main Jail Bureau**  
555 SE 1st Ave  
Fort Lauderdale, Florida 33301

**North Broward Bureau**  
1550 North Blount Road  
Pompano Beach Florida 33069

**Joseph V. Conte Facility**  
1351 NW 27th Ave  
Pompano Beach Florida 33069

**Paul Rein Facility**  
2421 NW 16 St  
Pompano Beach, Florida 33069

### **ADRÈS LAPÒS:**

**Main Jail Bureau**  
P.O. Box 9356  
Fort Lauderdale, Florida 33310

**North Broward Bureau**  
P.O. Box 407037  
Fort Lauderdale, Florida 33340

**Joseph V. Conte Facility**  
P.O. 407016  
Fort Lauderdale, Florida 33340

**Paul Rein Facility**  
P.O. Box 407003  
Fort Lauderdale, Florida 33340

---

**SÈVIS NOTÈ:** Sèvis note disponib nan Inite Klasifikasyon an si ou prezante yon fòm idantifikasyon valab, jan sa liste nan Lejislasyon Notaryal Eta Florid (Pa egzanzp: Lisans pou Chofè Machin Eta Florid oswa Kat I.D., paspò ameriken – dwe valab toujou oswa yo te dwe bay yo nan senk (5) lane ki sot pase yo). Si ou pa gen yon pyès idantite konvnan nan Inite Pwopriyete a, tanpri voye yon demann bay Inite Klasifikasyon an. Inite Klasifikasyon a kapab ofri sèvis sa a

soti depi 8è:00 a.m. rive 7è:00 p.m. toulejou.

**SITWAYEN ETRANJE / REZIDAN KI ETRANJE:** Prizonye yo, ki pa sitwaye Etazini, gen dwa pou kominike ak konsila respektif yo. Tout sitwayen etranje yo gen dwa pou resevwa nitifikasyon epi jwenn aksè nan konsila yo, kèlkeswa viza yo genyen sitiwayon imigrasyon yo Ozetazini. Kou w fè demann la oubyen si ou sitwayen yon peyi ki egzije notifikasyon obligatwa, yo pral notifiye imedyatman konsila ki pi pre a oswa ofisyèl peyi sa a ki pi pre a, pou enfòmasyon yo osijè detansyon / arestasyon ou. Epitou, si w fè demann la, yo pral ba w nimewo kontak anbasad la pou w kapab kominike ak yo pi devan.

**PRIVILÈJ TELEFÒN YO:** Chak inite gen telefòn ki disponib pou w. Nan moman yo arete w, koutfil yo ap gratis (epi yo limite pou sis (6) minit pou chak koutfil) epi y ap faktire moun ki resevwa koutfil long distans yo. Ou p ap kapab rele entènasyonal. Nan chak zòn / inite lojman, **chak** koutfil limite **pou trant (30) minit** oubyen mwens, pou chak sesyon, jan kòmandan etablisman an detèmine epi yo fè yo kòm koutfil moun ki resevwa li dwe peye pou li. Yo etenn telefòn yo pandan etablisman an fèmen depi anndan (lockdown), pandan y ap fè apèl pou konte prizonye yo, nan lè netwayaj epi pou divès preyokipasyon sekirite. **Pou plase yon koutfil, w ap bezwen make yon nimewo pin. Nimewo pin ou an se nimewo CIS# (nimewo arestasyon an). Anvan pou ou fè premye koutfil ou an, oud we enskri dabò nan sistèm telefòn prizonye a grasa yon telefòn pou w enskri.**

Si fanmi ak zanmi w yo gen difikilte resevwa koutfil ou yo, epi yo ta renmen mande yon **BLOCK** oswa **UNBLOCK** sou telefòn yo oubyen si ou gen kesyon konsènan fason pou mete anplas yon **DIRECT BILL** (faktirasyon dirèk) ou yon kont **PREPAID** (peye alavans) nan Securus, tanpri mande yo pou yo rele Securus nan 1-877-800-5729

**Obsèvasyon:** Se sèlman moun ki enskri pou telefòn la ki kapab UN-block (debloke) nimewo a.

Anplisdesa, si w gen pwoblèm ak telefòn ki bloke, ranpli yon Demann Prizonye epi voye l ba Kowòdonatè Kominikasyon Prizonye yo.

**Obsèvasyon:** Si w ap rele yon telefòn selilè, pwopriyete telefòn nan dwe louvri epi kenbe yon kont pre-peye ak Securus.

Prizonye pa gen dwa fè ni patisipe nan koutfil 3-vwa. Abi règ sa a pral fè key o pral pèdi privilèj telefòn yo epi sibi sanksyon disiplinè. Telefòn la se yon privilèj yo ofri prizonye yo ki nan prizon, epi si yo abize privilèj sa a, yo pral limite l.

### Anrejistreman ak Siveyans Telefòn:

- **Koutfil ki Pa ak Avoka:** Koutfil ak moun ki pa avoka (fanmi, zanmi, elatriye) anba siveyans epi yo anrejistre. Pèsonèl la, lapolis, pwokirè ak lòt moun toujou gendwa analize koutfil sa yo.
- **Koutfil ak Avoka:** Koutfil pou pale ak Biwo Pwokirè Piblik Broward (Broward Public Defender's Office) la pa anba siveyans ni yo p ap anrejistre yo. Koutfil pou pale al lòt avoka piblik oswa prive **p ap** anba siveyans ni yo p ap anrejistre yo **si** koutfil la se pou pale ak yon moun nan Bawo Eta Florid **ofisyèl** ki liste nimewo telefòn yon avoka ki gen yon biwo nan Konte Broward, Palm Beach, oswa Dade. Avoka w kapab jwenn aksè nan [sheriff.org](http://sheriff.org) pou jwenn plis enfòmasyon konsènan politik sou anrejistreman an.

Tout koutfil yo pou pale ak avoka piblik oswa prive andeyò Konte Broward, Palm Beach oswa Dade, pou jwenn nimewo selilè yon avoka oubyen nenpòt lòt nimewo avoka ki pa anrejistre ak bawo Eta Florid la gendwa anba siveye ak anrejistre menmjan ak avoka ki pa pou pale ak avoka. Si yon avoka vle nimewo telefòn yo pwogram kòm prive / privejye, enfòmasyon ki disponib sou [www.sheriff.org](http://www.sheriff.org).

### Move Itilizasyon Privilèj Telefòn yo:

1. Ou pa gen dwa rele okenn moun ki te deklare biwo kòmandan etablisman an yo pa vle resevwa koutfil ou yo. Kou yo enfòmasyon w osijè restriksyon sa a, si ou eseye kominike ak yo nan telefòn ankò, n ap konsidere sa se yon vyolasyon règ sa a epi w ap sibi sanksyon disiplinè.
2. Li posib pou yo limite oubyen kwape privilèj telefòn ou yo akòz abi kominikasyon telefonik. Men egzanp abi:
  - a. Fè koutfil pou pèsekite moun oswa moun pa vle resevwa
  - b. Fè koutfil menas, obsèn oswa ki deranje
  - c. Fè koutfil k ap vyole lwa federal oswa Eta a, règ konpayi telefòn la oubyen règ DODyo

- d. Domaje ouyen detwi ekipman telefòn
- e. Fè koutfil ak 3 moun (3 vwa)
- f. Itilize telefòn la pou fè aktivite ilegal/ilisit epi
- g. Pale nan langaj kode yo pou moun pa konprann

**Enfòmasyon Telefòn Adisyonèl:** Enfòmasyon telefòn pou fanmi ak zanmi disponib anliy nan [www.sheriff.org](http://www.sheriff.org)

### **NIMEWO TELEFÒN GRATIS:**

**Broward Addictions Recovery Center-BARC- (Tretman pou Alkòl-Dwòg).....(954)357-4880**  
**Liy pou Kriz / Nimewo pou Moun ki Abize Dwòg oswa Alkòl ..... (954) 537-0211**  
**Nimewo Denonsyasyon Menas nan Kominote a..... (954) 831-7002**  
**Nimewo gratis PREA..... (954) 831-3775**  
**Liy Pwoblèm Sante Mantal (pa dwe itilize pou ijans!).....(954)831-7001**

**KIJAN POU MANDE YON AVOKA PEYE POU LI A:** Si w ap chèche jwenn sèvis yon avoka leta peye pou li, yon reprezantan nan Biwo Avoka Piblik pral entèvyouve w nan prizon epi ba w yon Aplikasyon pou Klasifikasyon kòm Kriminèl ki pa gen Mwayen (Application for Criminal Indigent Status). Biwo Avoka Piblik la pral notifie w alekri si ou kalifye pou jwenn yon Avoka lete peye pou li. Kou yo ba w yon Avoka Piblik ak yon nimewo dosye, w ap dwe itilize enfòmasyon sa a pou tout korespondans/kominikasyon ak biwo Avoka Piblik la. Nimewo telefòn Biwo Avoka Piblik la endike anba la a.

### **Enfòmasyon pou Tribinal la**

Si yo chaje w ak yon Felon epi ou ta renmen enfòmasyon sou:

- Pwochen **Dat ou dwe parèt nan Tribinal la** oubyen **Mosyon ki anrejistre: Rele-954-831-5519**  
(Ou dwe gen Nimewo Arestasyon [CIS #] oswa Nimewo Dosye w lan)

**Avoka** oubyen **Jiji ou an:**.....**Rele-954-831-5519**

(Ou dwe gen Nimewo Arestasyon ou an-[CIS #] oubyen Nimewo Dosye w lan)

- **Avoka Piblik ou an:** .....**Rele-954-831-6000**
- Si yo reprezantan **Biwo Avoka Piblik lan** poko vin wè w nan 48èdtan aprè arestasyon w lan:.....**Rele-954-831-6000**

Si ou nan **Pwobasyon (libète kondisyonèl)** oubyen yo enkilpe w pou yon **Ti zak (Misdemeanor)** oubyen yon enfraksyon nan **Sikilasyon**, rele nimewo ki anba la yo, si yo voye dosye w nan:

- **Central Courthouse** ..... **Rele-954-357-5900**
- **North Satellite**.....**Rele-954-831-1280**
- **South Satellite**-Pa disponib apatide North Broward .....**Rele-954-831-0482**
- **West Satellite**.....**Rele-954-831-2300**

**OBSÈVASYON:** TELEFÒN PRIZON YO PRAL PÈMÈT OU KONPOZE NIMEWO TELEFÒN AVOKA PIBLIK OU AN DIRÈKTEMAN SAN OU PA PEZE FÈ YON KOUTFIL KOLÈK.

- **Early Representation Unit (Inite Reprèzantasyon Bonè)** – Si yon reprezantan Biwo Avoka Piblik pa vin wè w nan 48èdtan aprè arestasyon ou – rele nan (954) 831-6000.
- **Client Services Division (Divizyon Sèvis pou Kliyan)** –Si ou gen yon pwoblèm ak santans ou oswa ak Avoka Piblik yo ba w an – rele (954) 831-8830.

**Sipò Timoun/Depo Sekretè Tribinal yo..... 800 622-5437 oswa (954) 831-7309**  
**Crime Stoppers (TIPS)..... (954) 493-8477**  
**Sant Re-antrè Anrejistremant Lajounen (Day Reporting Reentry Center) .....(954) 831-5300**

---

**LWA AMERIKEN KI ANDIKAPE (AMERICANS WITH DISABILITIES ACT, ADA):** Prizonye yo ki gen yon andikap pral loje pami popilasyon jeneral la eksepte si tip lojman sa a ta menase sekirite estaf oswa lòt prizonye yo. Yo pral analize ka pa ka si yo bezwen bay nenpòt lojman espesyal pou prizonye ki andikape yo selon bezwen prizonye ak sekirite etablisman an.

Aranjman pou prizonye ki avèg oubyen ki malvwayan yo konsa: tèks ki ekri ak gwo lèt, sèvis lekti oswa volontè k ap li pou yo. Si w bezwen youn nan aranjman ki dekri anlè a, tanpri notifiye Kòmandan Etablisman an. Se pou yo kontakte Kòmandan Etablisman an pou fè aranjman yo pou prizonye ki mal pou tande oswa ki soud tankou itilizasyon yon tradiktè langaj siy.

Founisè swen sante a pral asire l ke tout prizonye yo ki bezwen dispozitif pwotèz jwenn yo san twòp delè. Founisè medikal la responsab tou pou bay swen sante mantal, medikal ak ospis bay nenpòt prizonye ki andikape ki bezwen swen sa yo. Si ou bezwen nenpòt nan sèvis sa yo, ranpli yon Demann Medikal epi remèt li yon manm estaf medikal la.

Prizonye ki soud oswa ki mal pou tande oubyen ki gen yon manm fanmi, yon avoka, yon ofisye pwobasyon, yon ofisye libète kondisyonèl oubyen lòt pwofesyonèl ki asosye ak dosye yo ki soud oubyen ki mal pou tande pral benefisyè opòtinite pou itilize yon aparèy kominikasyon elektwonik Ubiduo a 2 vwa, Aparèy Telekomunikasyon pou Moun ki Soud (Telecommunications Device for the Deaf, T.D.D) oubyen yon Telefòn Tèkst (Text Telephone, T.T.) pou kominike. Akilè ak kikote pou itilize Ubiduo, T.D.D. oswa T.T. ap kowòdone ak kòmandan etablisman an grasa yon Demann Prizonye. Sa pral bay prizonye a opòtinite pou etabli kominikasyon yon fason ki efikas. Ubiduo, T.D.D. ak T.T. yo disponib nan tout etablisman yo.

---

**ESPAS POU VIV:** Selil la oswa zòn dõtwa kabann yo plase w ladan se sa ki zòn pou viv **ou an**. Yo pral ba w atik pou netwaye toulejou pou w kapab kenbe lye de vi w pwòp. Deputy an ki responsab zòn la pral enspekte selil ak zòn dõtwa yo pandan chak dire sèvis li. Se oumenm k ap responsab pou kenbe kabann sipèpoze oswa matla (dra, lèn, elatriye) w lan pwòp ak byen ranje pandan tan ou p ap dòmi a. Yo distribye lèn ak dra yo sèlman pou mete sou kabann ou. Lèn ak dra yo dwe rete sou matla w lan, eksepte lè depute yo ap chanje dra yo.

**Ekleraj, bouch ayerasyon ak fenèt yo dwe rete degaje tout tan. Nou p ap tolere pou ou plase bagay sou limyè yo, bouch ayerasyon ak fenèt yo epi w ap sibi sanksyon disiplinè pou sa.**

Pa tache anyen sou miray selil la – miray yo dwe rete san anyen epi li entèdi pou ekri sou yo (graffiti entèdi).

Pa pote rès manje nan selil oswa na lye de vi w pou sere l oubyen pou manje l pi ta, **eksepte si ou gen otorizasyon dokimante nan men founisè medikal la pou w fè sa**. Sèl atik manje ou te achte nan ekonomat (gadmanje + ti boutik) a oubyen founisè medikal la apwouve otorize pou w ka sere yo nan selil oswa nan lye de vi w. Ou gen dwa kenbe **sèlman** yon kantite limite atik ekonomat (gadmanje + ti boutik) nòmalye yo (Montan espesifik an dola yo make sou lis la nan inite lojman / ak oswa nan kyòsk la). Nenpòt kantite atik ekonomat (gadmanje + ti boutik) ki twòp konsidere kòm kontrebann epi n ap konfiske l.

Rapòte nenpòt pwoblèm ak selilè w (pa egzanp, plonbri, ekleraj ki pa mache) bay deputy ki responsab zòn ou an. Lè ou enfòmè deputy a bone kou pwoblèm la rive, yo pral fè reparasyon yo san twòp reta.

**PANO AFICHAJ/ENFÒMASYON NAN KYÒSK LA:** Chak inite / zòn lojman gen yon pano afichaj / kyòsk k ap afiche aktivite yo ki prevwa pou zòn / inite lojman sa a ansanm ak lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak tan ou pral pase nan prizon an.

---

**PWOSEDI IJANS / EVAKYASYON:** Yo pral mande w pou w paisipe nan egzèsis evakyasyon / dife chak trimès. Li enpòtan pou konnen wout diagram ijans / evakyasyon yo ki afiche nan zòn lojman ou an. Sizoka ta gen yon dife, yon gwo ijans oubyen egzèsis woutin (yo), rete kalm, pa fè bwi epi koute enstriksyon deputy lojman an ap ba w.

---

**PWOPRIYETE PÈSONÈL:** (Ki otorize andedan selil la): Atik pèsonèl ou gendwa kenbe nan selil ou endike sou Lis Atik Otorize Andedan Selil la, jan sa dekri nan tiliv sa a epi ki afiche nan zòn lojman ou an. Atik ki pa sou Lis Atik Otorize Andedan Selil la pa apwouve epi yo konsidere yo se kontrebann. Si w pa respekte direktiv ki nan Lis Atik Otorize Andedan Selil la, yo pral konfiske epi jete atik kontrebann yo san ranbousman epi y ap ba w sanksyon disiplinè.

- Ou gendwa reklame atik ou yo ki otorize nan selil la ak nimewo telefòn ou yo nan moman yo distribye atik prizon yo.
- Aprè yo fin trete dosye w nan pwosesis distribisyon atik prizon yo, ou p ap kapab jwenn aksè nan telefòn ou, sof si yon tribinal deside ou kapab.
- Ou gendwa otorize yon fanmi, yon zanmi oubyen yon benefisyè ou chwazi, prete bagay ki pou w epi kenbe yon resi tranzaksyon an.
- Ou pral gen 30 jou apatide moman ou lage/transfere pou reklame atik ki pou w yo. Si w pa fè sa, yo pral elimine tout atik moun pa reklame.
- Ou ka kontakte Inite Pwopriyete Entemate a pou fè aranjman pou ranmase pwopriyete w la. Tanpri kontakte 954-831-5900 pou plis enfòmasyon.

---

**RAD POU ALE NAN TRIBINAL:** Nou aksepte rad pou parèt nan tribinal sèlman anvan **pwosè ak jiri w lan**. Si ou pwograme pou parèt nan yon pwosè ak jiri, yo gendwa pote rad pou w pou tribinal la nan etablisman an kote w ap loje a. Ou pa kapab sere plis pase yon (1) ansanm rad pou parèt nan tribinal la, eksepte si avoka w òganize kondisyon espesyal pou ou epi Depatman Detasyon apwouve yo. Li entèdi pou sere nan selil ou an rad pou parèt nan tribinal. Inite Atik Prizonye yo responsab pou apwouve demann pou rad tribinal. **Tenis, bòt ak sou- vètman pa akseptab kòm rad pou ale nan tribinal.**

Yo gendwa pote rad pou ale nan tribinal nan etablisman DOD an, kote ou loje a, 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Nou pa aksepte rad pou ale nan tribinal pou Prizonye Federal yo ki anba responsab BSO pou lojman sèlman. Yo kapab kowòdone rad pou ale nan tribinal pou Prizonye federal yo ak Sèvis Marshal Etazini yo.

Ou gendwa jwenn rad pou ale nan tribinal ou yo leswa anvan parasyon ou nan tribinal la; pou fè sa, kite deputy ekip alpha konnen ou oblije mete rad pou ale nan tribinal demen maten, Ou pa kapab prete ni echanje rad pou ale nan tribinal, eksepte pandan tan ou nan tribinal la **pou yon pwosè ak jiri**. Si ou pa respekte règ sa a, n ap ba w sanksyon disiplinè.

---

**DISTRIBISYON RAD AK DRA POU KABANN:** Yo pral ba w yon je dra ak sèvyè epi inifòm pwòp kou yo plase w nan yon sektè lojman. Yon je dra ak sèvyèt gen ladann: 1 sèvyèt pou figi w, 2 dra, 2-sèvyèt ak yon lèn. Yon inifòm gen ladann (selon etablisman an kote ou loje a) swa yon konbinezon yon pyès oubyen pantalon long ak yon mayo. Se oumenm ki responsab pou kenbe atik ki pou Konte an yo remèt ou yo. Si ou modifiye inifòm, je dra w epi / oswa yo jwenn inifòm oubyen dra anplis nan selil ou an, yo gendwa pran aksyon disiplinè kont ou. Epitou, yo pral enkilpe w penalman si ou detwi oubyen ou domaje atik ki pou Konte a.

---

**EKSTRADISYON, TRANSFÈ NAN PRIZON, ELATRIYE:** Ou gendwa prete yon fanmi, yon zanmi oubyen yon benefisyè ou chwazi, bagay ki pou w epi ou kenbe yon resi pou anrejistre tranzaksyon an. Koupon dwe konplete an lank, temwen pa yon anplwaye BSO, epi yo gen non an premye, non an, ak adrès konplè moun ki deziyen an. Moun k ap resevwa a dwe gen yon idantifikasyon foto valab. Pwopriyete yo dwe ranmase nan trant jou nan koupon an ranpli, oswa ou pral bezwen ranpli yon nouvo koupon. Manm fanmi yo ka kontakte 954-831-5900 pou plis enfòmasyon.

---

**IJYÈN PÈSONÈL:** Prizonye oblije benyen omwens 2 fwa pa semèn.

---

**SÈVIS LESIV:** Rad ak dra yo lave dapre orè etablisman an. Yo pral remèt ou yon je dra ak sèvyèt epi inifòm, kou yo jwenn yon plasman pou ou nan yon lojman.

Yo chanje inifòm yo omwens de (2) fwa chak semèn. Rad pèsonèl yo lave chak semèn. Yo chanje dra yo omwens yon fwa chak semèn. Lenn yo pral lave omwen chak trimès.

Atik rad pèsònèl pral lave yon fwa (1) chak semèn. Depatman Detansyon an **pa responsab** pou nenpòt atik ki domaje, pèdi oubyen yo vòlè pandan pwosesis lavaj la. Yo foun sèvis lave rad pou atik pèsònèl sa yo kòm yon opsyon epi se ou ki responsab pou risk ou pran nan itilize sèvis la.

Jou ak lè resi pou sèvis lave rad la afiche nan inite lojman ou an. Li entèdi pou kenbe plis inifòm epi/ oswa dra epi y ap ba w pinisyon si w fè sa.

**KONTREBANN:** Kontrebann gen ladann nenpòt atik yon moun posede oubyen yon jwenn anndan yon etablisman oubyen sou teren an, ki swa ilegal oubyen ki pa otorize nan yon etablisman DOD, tankou, men se pa sa sèlman, zam, dwòg, lajan, atik ki pa make soul is atik otorize andedan selil la, rad anplis oubyen ki modifye pa rapò ak jan yo te ye anvan oubyen yo fabrike pou transfòmè l nan yon bagay yo ka itilize pou yon lòt bagay pase sa pouki yo te fè l lan oubyen atik yo pa distribye ofisyèlman nan ekonomat (gadmanje + ti boutik) a oubyen estaf detansyon an pa apwouve. Nou pral konfiske atik kontrebann, epi moun ki an posesyon de yo gendwa sibi aksyon disiplinè epi / oswa yo kapab enkilpe li penalman.

**FOUY YO:** Yo kapab fouye w oumenm ak zòn / inite lojman ou an **nenpòt lè** pou rezon sekirite ak sanitasyon. Si yo jwenn atik kontrebann nan men ou oubyen nan selil ou an, yo gendwa pote akizasyon penal epi / oswa pran sanksyon disiplinè kont ou.

**RÈG AK DISIPLIN:** Jesyon konpòtman prizonye yo kòmanse lè ou antre nan etablisman an. Oud we obeyi tout règ etablisman an ansanm ak Kòd Konpòtman Prizonye a ki afiche nan tiliv sa a ak nan zòn lojman ou an. Si w pa respekte yon règ, ou gendwa sibi yon aksyon disiplinè, epi ou pral resevwa yon rapò disiplinè (D. R.) alekri pou sa. Disiplin **pa gen ladann** sanksyon ki enkonstitisyonèl, ilegal, arbitè, kaprisye oubyen ki pou revanch oubyen reprezay.

#### Definisyon yo:

**Seyans konsèy / Avètisman aloral:** Rezolisyon enfòmèl akòz konpòtman prizonye ki pa konfòm. Yon avètisman alekri ei / oswa aloral estaf la bay pa bezwen yon fè yon rapò disiplinè fòmèl.

**Restriksyon nan Selil la:** Rezolisyon enfòmèl akòz konpòtman prizonye ki pa konfòm. Yon prizonye limite tanporèman pou rete nan selil li epi yo kanpe privilèj li yo pou yon ti tan.

**Rapò Disiplinè:** Yon rapò yo itilize pou dokimante enfraksyon nan règ yo epi yo itilize l nan pwosesis disiplinè fòmèl la.

**Izòlman Disiplinè:** Mòd lojman pou yon prizonye yo jwenn ki koupab epi/oswa ann atant yon odyans disiplinè dapre yon Rapò Disiplinè.

**Segregasyon Anvan-Odyans lan:** Mòd lojman andeyò popilasyon anjeneral la pou yon prizonye k ap tann yon odyans disiplinè oubyen k ap tann yon investigasyon fin fèt epi ki reprezante yon menas pou tèt li oswa pou lòt moun, si yo loje li ak popilasyon jeneral la.

1. **Rapòte Enfraksyon yo:** Depi ou temwen vyolasyon yon règ oubyen aprè yo investigasyon te detèmine yon moun pa t respekte lwa Eta a oswa règ etablisman an (sou labaz prèv, deklarasyon yon temwen swa motif pwobab), estaf la pral aji touswit. Sa kapab gen ladann reprimand aloral, syans konsèy, restriksyon pou rete nan selil, yon Rapò Disiplinè (D.R.) oubyen pouswit determine pa yon moun ki rapòte an ak sipèvizè ki responsab la deside.

Lè yo ranpli yon D.R., kòmandan ekip la gendwa otorize **segregasyon anvan odyans** (mòd lojman andeyò popilasyon jeneral la pou yon prizonye k ap tann yon odyans disiplinè oubyen k ap tann evestigasyon an fini).

Klasifikasyon pral analize klasman anvan odyans ou a nan twa (3) jou ki gen ladann wikenn ak jou ferye. Si rezon pou segregasyon anvan odyans, yo te enpoze okòmansman, pa egziste ankò, yo re-mete w nan popilasyon jeneral la ann atandan odyans disiplinè a. Anplisde aksyon disiplinè a, w ap petèt oblije peye pou byen oswa machandiz ki domaje, detwi oubyen ou te pran san yo pa t pou w.

Lè yo fin ranpli yon D.R., rapò an pral gen ladann:

- a. Règ espesifik (yo) ki pa t respekte



- b. Yon deklarasyon fòmèl sou akizasyon an
  - c. Nenpò konpòtman yon prizonye ki pa nòmal
  - d. Non temwen estaf la
  - e. Yon esplikasyon sou evènman an, ak timoun ki te patisipe, sa ki sanble ki rive epi lè ak anplasman ensidan an
  - f. Nenpò prèv fizik ak anplasman li
  - g. Nenpò aksyon imedyat yo te pran, tankou izaj lafòs
  - h. Siyati estaf k ap fè rapò a, dat ak lè rapò a
2. **Investigasyon:** Yo pral prezante D.R. lan opre yon sipèvizè ki pral demare investigasyon an nan venn-kat (24) ètan aprè yo te rapò ensidan an. Lè ankèt la fini, ou pral resevwa yon kopi D.R. lan.
3. **Pwosesis Odyans Disiplinè a:** Yon Komite Odyans Disiplinè gen twa (3) manm estaf la, epi youn nan yo deziyen kòm prezidan odyans la. Yo pral konvoke odyans ou an nan senk (5) jou ouvrab aprè dat yo te ekri rapò a. Lè odyans lan fini, yo pral remè ou yon kopi Fèy Aksyon Komite a depi Depatman Detansyon an fin apwouve l.
- a. Si yo enkilpe w deske ou pa t respekte yon règ, w ap prezan pandan odyans lan eksepte si ou renonse dwa sa a alekri oubyen risk pou sekirite ak sirete anpeche w prezan. Rezon poutè ou absan oswa yo mete w deyò nan odayns land we make nan rapò a.
  - b. Ou pral gen posibilite pou fè yon deklarasyon epi prezante prèv dokimante nan odyans lan epi ou gendwa mande temwen parèt pou defann ou. Si yo refize demann ou, yo dwe make rezon an nan rapò a (pa egzanzp, risk pou sekirite, kote temwen an ye).
  - c. Estaf la kapab ede w, si ou fè demann la. Prezidan Komite Odyans lan pral nonmen yon reprezantan lè li evidan ou pa kapab kolekte ak prezante prèv pou tèt pa w.
4. **Konklizyon Disiplinè yo:**
- a. **Rejè Akizasyon / Vyolasyon Règ la:** Manke prèv pou kontinye ak yon odyans disiplinè.
  - b. **Pa Koupab:** Yo deside prizonye a pa koupab de swa-dizan vyolasyon an dapre konklizyon pdyans disiplinè a.
  - c. **Koupab:** Gen ase prè pou jije prizonye a koupab.
5. **Sanksyon yo:** Annapre a, w ap jwenn yon lis sanksyon yo kapab enpoze si yo deside ou koupab.

**OBSÈVASYON:** Ou gendwa resevwa youn oubyen nenpòt konbinezon nan sa ki annapre a:

- a. Yon sesyon terapi-konsèy/ remontrans aloral nan men Prezidan Komite Odyans Disiplinè a aprè odyans lan.
  - b. Libète kondisyonèl: yon peryòd tan espesifik ak pwovizyon pou yo enpoze sanksyon si kondisyon libète kondisyonèl la pa respekte, pa kapab depase 30 (30) jou.
  - c. Pèt privilèj tanporè pou yon peryòd tan espesifik, pa kapab depase trant (30) jou.
  - d. Obligasyon adisyonèl ki pa kapab depase trant (30) jou.
  - e. Izòlman disiplinè ki pa kapab depase trant (30) jou; epi / oswa
  - f. **Pèt Good / Gain Time:** yon prizonye ki resevwa yon santans nan men Konte a gendwa pèdi tan pozitif / tan akimile si li vyole yon lwa Eta a oubyen yon règ etablisman an. Sheriff la otorize deklare pèt nenpòt / tout tan pozitif / tan ki akimile a konfòmeman ak otorite delege nan Òdonans Konte a epi konfòmeman ak pwovizyon ki make nan Pwosedi Operasyonèl Estanda a “**Règ ak Disiplin Prizonye yo**”.
  - g. Peye pou byen ki domaje, ki detwi oubyen prizonye a pran san yo pa t pouli.
6. **Pwosesis Kontestasyon Disiplinè a:** Kou odyans disiplinè w lan fini, yo pral di w si ou koupab ou pa. Si w koupab, yo pran di w rezon kifè yo rive nan konklizyon sa a epi prezidan komite a pral enfòmè w ou gen dwa pou fè yon kontestasyon; pou fè sa, sèvi ak **Demnn Prizonye a** nan ki nan kyòsk inite lojman an. Si ou deside fè kontestasyon an, ou **dwe** prezante kontestasyon an nan kenz (15) jou aprè odyans lan nan biwo kòmandan (kapitèn) etablisman an. Kòmandan etablisman an, oubyen moun li deziyen an, pra apwouve, dezapwouve oubyen modifiye desizyon an Komite Disiplinè a pou fè l mwen estrik. Yo pral enfòmè w sou desizyon kòmandan etablisman an nan senk (5) jou aprè nou resevwa kontestasyon w lan.

## KÒD KONPÒTMAN

Règ ki annapre yo jere konpòtman ak disiplin prizonye ki nan etablisman detansyon BSO yo. Kòd Konpòtman pou Prizonye sa a afiche nan tout Inite Lojman yo. Si w pa respekte règ sa yo, ou dwedwa sibi sanksyon disiplinè.

**Nenpòt vyolasyon nan kategori "A" ki liste anba a gendwa debouche sou trant (30) jou segregasyon disiplinè, jiska trant (30) jou izòlman nan selil ou epi / oswa ou ka pèdi tout oswa yon pati nan tan ki akimile an si yo rive nan konklizyon ke ou koupab.**

- A-1** Agrasyon oswa kou ak blesi oubyen tatativ agresyon ak yon zam mòtèl.
- A-2** Goumen ak yon lòt moun.
- A-3** Menase yon lòt moun ke ou pral fè l mal, aloral oubyen alekri, ke ou pral fè nenpòt zak kont yomenm oswa byen yo.
- A-4** Refize obeyi yon lòd yon estaf ba w.
- A-5** Konpòtman ki deranje oubyen ki entèfere ak sekirite oubyen bon fonksyonman enstitisyon an.
- A-6** Ekstòsyon, chantaj, pwoteksyon, egzije oubyen resevwa lajan oubyen nenpòt bagay ki gen yon valè ann echanj pou pwoteksyon kont lòt moun pou evite pran kou oubyen anba menas denonsyasyon.
- A-7** Fè akt seksyèl ak lòt moun, kou ak blesi oubyen tantativ kou ak blesi seksyèl.
- A-8** Pa kanpe pou apèl pou konte prizonye yo oubyen entèfere ak kontaj prizonye yo.
- A-9** Chape, eseye oubyen planifye pou chape oubyen an posesyon ekipman pou chape.
- A-10** Pote yon degizman oubyen yon mask pou evite yo detekte w oubyen pou chape.
- A-11** Mete dife oubyen eseye mete dife.
- A-12** Detwi, modifiye oubyen domaje pwopriyete leta oswa byen yon lòt moun ki vo plis pase \$300.00 dola.
- A-13** Trafike oubyen bloke nenpòt dispozitif vewouyaj oubyen dispozitif sekirite (pa egzanp, kamera, fenèt, elatriye).
- A-14** Kontaminasyon eksprè nenpòt manje oswa bweson.
- A-15** Posesyon oswa entwodiksyon nenpòt eksplozif, minisyon, zamafe oubyen zam.
- A-16** Posesyon nenpò atik ki pa otorize ki poze yon menas grav pou sekirite enstitisyon an (pa egzanp, bweson ki fè moun sou, dwòg, zamafe / zam, pwazon, materyo kostik oswa toksik, inalatè).
- A-17** Izaj, posesyon, fabrikasyon oswa vant dwòg, nakotik oswa medikaman pèsònèl etablisman an pa preskri oubyen entoksikan; izaj oswa posesyon medikaman otorize yon fason ki kontrè ak preskripsyon yo; lè ou anba enfliyans yon sibstans ki entoksike (fè w vin sou).

- A-18** Patisipe oswa ankouraje lòt moun fè emet, grèv, fè yon zak mitinri oubyen yon gwo dezòd, kèlkeswa sise alekri oubyen aloral.
- A-19** Patisipe nan oswa ankouraje yon manifestasyon angwoup.
- A-20** Ankouraje lòt moun refize travay oswa patisipe nan arè travay.
- A-21** Kontrefason, fose oswa repwoudi san otorizasyon nenpòt dokiman, atik oubyen idantifikasyon, lajan, papye sekirize oswa papye ofisyèl.
- A-22** Itilizasyon san otorizasyon kourye lapòs oswa telefòn, sa ki gen ladann: patisipe nan aktivite kriminè, jan sa defini nan manman-lwa Eta a.
- A-23** Bay oswa ofri nenpòt ofisyèl oswa manm estaf la lajan anba tab oubyen nenpòt bagay ki gen valè.
- A-24** Ekstòke lajan oubyen nenpòt bagay ki gen valè oubyen aksepte lajan oubyen nenpòt bagay ki gen valè nan men oswa pou kont yon lòt prizonye, yon fanmi yo, yon zanmi oswa yon asosye.
- A-25** Ajisman ki obsèn (ekspoze ti pati nan kò w ki prive).

**Nenpòt vyolasyon nan kategori "B" ki liste anba la a gendwa debouche sou jiska katòz (14) jou segregasyon disiplinè, jiska katòz (14) jou restriksyon pou rete nan selil epi / oswa pèt de jiska 30 jou tan akimile, si yo rive nan konklizyon ou koupab.**

- B-1** Fè pwopozisyon seksyèl oswa menase youn lòt.
- B-2** Ajisman obsèn swa sou fòm yon jès, alekri oswa aloral.
- B-3** Detwi, modifye oswa domaje byen ki pou leta oswa byen yon lòt moun ki gen yon valè ki mwens pase \$299.00 dola.
- B-4** Vòlè (pran san pèmision).
- B-5** Posesyon kantite atik ki twòp oswa posesyon atik ki modifye (pa egzanzp, twòp rad oswa rad ki modifye, dra; lajan; elatriye).
- B-6** Prete yon prizonye yon byen oswa nenpòt bagay ki gen valè yo pa t bay atravè kanal enstitisyonèl nòmal yo.
- B-7** Domaje oswa modifye rad, lityè, dra oswa matla oubyen lòt atik yo te distribye.
- B-8** Refize travay.
- B-9** Absans ki pa jistifye nan travay oswa nan yon aktivite.
- B-10** Manke fè travay jan yon sipèvizè w mande w fè l.
- B-11** Ale nan reyinyon oswa rasanbleman san otorizasyon.
- B-12** Antre nan yon zòn ki pa otorize.
- B-13** Manke respekte règ sekirite oswa sanitasyon yo.
- B-14** Fimen oswa posesyon oubyen izaj pwodui taba, lè sa entèdi.
- B-15** Pale yon fason ki abizif oswa vilgè de yon lòt moun.
- B-16** Parye, prepare oswa òganize yon kanyòt pari, posesyon ekipman pou fè pari.
- B-17** Manke ijyèn oswa pa okipe tèt ou, pa kenbe selil ou konfòmman ak estanda ki afiche yo.
- B-18** Tatwaj sou ou oswa tatwe lòt moun.
- B-19** Oto-mitilasyon.
- B-20** Kontak ki pa otorize ak piblik la oswa ak moun pou kont yon lòt prizonye.
- B-21** Fè sanblan, pretann ou malad oswa ou pran chòk.
- B-22** Manke yon manm estaf la respè.
- B-23** Manti oswa fè fo deklarasyon bay yon manm estaf la.
- B-24** Itilize nenpòt ekipman oswa machin yon fason ki kontrè ak enstriksyon yo oswa estanda sekirite ki afiche yo.
- B-25** Dezobeyi règ enstalasyon yo. **(Yo kapab varye enpe nan chak etablisman epi yo afiche nan tout inite lojman endividyèl yo.)**

**Vyolasyon règ sa yo non sèlman gendwa debouche sou sanksyon disiplinè, men si ou fè menm vyolasyon an plizyè fwa, yo pral desann klasman ou an. Klasman sa a detèmine nan ki etablisman ak nan ki inite ou pral loje (pa egzanzp, Prizon Prensipal (Main Jail) la, Conte, elatriye). Yon chanjman nan nivo klasman ou gendwa afekte negativman nivo detansyon ou epi / oswa plasman nan lojman ou an.**

-----

## IMOBILIZASYON PRIZONYE KI ANSENT:

1. Si yo itilize restriksyon ponyèt yo sou yon prizonye ansent yo pral aplike nan devan pou yo ka pwoteje tèt yo nan evènman an nan yon sezon otòn (eksepsyon espesifik yo dekri nan Depatman Pwosedi Operasyon Estanda detansyon pou entesten ki mande transpò nan yon lopital pou tretman).
2. Restriksyon (ponyèt) pa pral itilize sou prizonye ansent pandan travay, livrezon ak rekiperasyon pòs-pati, ki gen ladan pandan mouvman entèn oswa pandan transpò nan yon etablisman medikal deyò, sof si:
  - a. Yon kòmandan etablisman oswa pi wo a fè yon detèminasyon endividalize ki pa metrize prizonye a prezante yon sikonstans ekstraòdinè.
  - b. Notifikasyon fèt nan doktè trete prizonye a nan detèminasyon an nan bezwen an sèvi ak metriz; E
  - c. doktè entemate a:
    - I. sa vle di pa objè pou itilize metriz; Oubyen
    - II. Objè pou itilize restriksyon akòz rezon medikal dokimantal, men kòmandan etablisman an te konsilte avèk anplwaye medikal sou desizyon an pou itilize metriz ak swiv konsiltasyon sa yo detèmine ki malgre rezon medikal la pou pa restriksyon prizonye a rete yon risk ekstraòdinè pou sekirite piblik.
3. Yon Rapò Ensidan ki nan lis sikonstans ekstraòdinè a pral ranpli chak fwa restriksyon ekri yo otorize pandan travay, akouchman, oswa rekiperasyon apre akouchman.
4. Nan okenn sikonstans ki pral janm, je pye, oswa restriksyon restriksyon sou yon entemate ansent ki nan travay oswa akouchman.

**VIZIT:** Depatman Detansyon (Department of Detention, DOD) an ankouraje pou fanmi prizonye ak zanmi prizonye yo vin vizite yo. Tout prizonye yo ta dwe gen yon aksè egalego pou fè vizit, eksepte si yo jije yo reprezante yon menas pou sekirite yo, sekirite estaf, lòt prizonye yo oswa pou sekirite etablisman an.

### Sant Vizit nan Videyo ak Enfòmasyon Vizit a Distans:

1. Tout vizit yo dwe fèt nan Visitation Center a ki chita nan 3700 West Oakland Park Blvd., Lauderdale Lakes, FL 33311 oswa a distans.
2. Randevou pou Vizit nan Videyo yo disponib si yo pwograme alavans sèlman. Yo gendwa pwograme, modifiye oswa anile vizit yo pa mwens pase yon (1) jou epi pa plis pase sèt (7) jou alavans. Pwogramasyon an kapab fin fèt nan kyòsk vizit la ki sitye nan sant vizit la oswa sou Entènèt grasa Wèbsayt SECURUS pou Vizitè yo [www.videovizitanywhere.com](http://www.videovizitanywhere.com).
3. Yon enskripsyon yon sèl fwa nesèsè anvan pou resevwa aksè nan viit a distans ak vizit ki pwograme nan sant vizit la. Kont vizitè yo gendwa pran 48èdtan anvan yo apwouve yo.
4. Lè kòmansman Vizit nan Videyo se:
  - 7:45 a.m. jiska 1:45 p.m. ak 3:45 p.m. rive 9:45 p.m. – 7 jou sou 7.
  - North Broward Unit 11A, 11B, 11C ak 11D kòmanse a 7:45 a.m. rive 1:45 p.m. epi 5:00 p.m. jiska 9:45 p.m. – 6 jou pa semèn.
  - Tout vizit yo dwe pwograme epi apwouve anva vizitè a rive.
5. Vizit yo gendwa pwograme pou nenpòt lè randevou ki disponib. Vizit yo nan Sant Vizit nan Videyo a gratis epi yo pral dire jiska inèdtan (1) maksimòm. Vizit a distans yo pral koute \$5 pou yon vizit 30 minit epi yo pral fini otomatikman aprè 30 minit fin pase.

a) Disponibilite Vizit nan Videyo dekri anba la a:

1. Tout prizonye yo pral resevwa de (2) vizit inèdtan (1) chak semèn nan Sant Vizitla.

2. Lè vizit ki disponib yo pral endike nan moman pwogramasyon an.
3. Vizit prizonye yo resevwa gendwa voye pou pi ta oswa anile akòz yon ijans nan prizon an oswa pou rezon administratif. Yo pral voye notifikasyon anilasyon yo nan yon imèl oubyen nan nimewo telefòn pou kontak la.

Si vizitè yo gen nenpòt kesyon oubyen preyokipasyon konsènan enskripsyon epi/oswa sistèm pwogramasyon an, tanpri kontakte Sipò pou Vizitè SECURUS la. Sipò pou Vizitè yo disponib lendi pou vandredi, 9 a.m. rive 6 p.m. EST nan Live Chat oswa nan telefòn nan 972-734-1111. Ou kapab voye kesyon/preyokipsyon ou yo aprè lè biwo yo fèmen nan securustech.net.

**Opsyon Transpò pou Vizitè Etablisman an:** Tanpri notifie vizitè ou yo ke gen transpò ki disponib, tankou bis Konte a, tibis sant vil yo (downtown trollies) oswa taksi. Yo ta dwe kontakte estasyon bis yo pou jwen

enfòmasyon sou wout bis yo. Enfòmasyon sa yo pral disponib nan tout resepsyon enstalasyon DOD yo.

### Règ Sant Vizit la:

1. Tout vizit yo anrejistre epi yo gendwa siveye yo nan monitè.
2. Vizitè yo pral kapab fè vizit ki dire de **(2)** èdtan chak semèn nan sant vizit la. **Sèlman** de (2) vizitè apwouve maksimòm gen dwa pwograme pou vizite yon prizonye.
3. Timoun ki poko gen 18tan otorize fè vizit lè yon paran oswa yon gadyen legal ap akonpaye yo, eksepte si kòmandan etablisman an oswa moun li deziyen an otorize, alavans de vizit la, pou timoun ki poko gen 18tan an vini ak yon lòt adilt pou akonpaye li.
4. Moun ki prezante tèt yo kòm paran oswa gadyen legal timoun ki poko gen 18tan an dwe prezante dokiman legal ki kore deklarasyon responsabilite sou timoun lan (pa egzanzp, batistè, papyè adopsyon, dokiman ki soti nan tribinal ki endike responsabilite sou timoun lan, elatriye).

**Règ Vizitè yo:** Tanpri notifie vizitè yon konsènan règ sila yo:

- Vizitè yo dwe gen idantifikasyon foto valab / resan. **(SI PA GEN IDANTIFIKASYON – PA GEN VIZIT)**
- Vizitè yo dwe alè.
- Vizitè yo dwe respekte kòd vestimantè a. (Li anba a, “Kòd vestimantè Vizitè a”)
- Yo gendwa palpe pou fouye / fouye ak ti tap ak men epi / oswa fè fouy elektwonik pou detekte atik kontrebann. Se pou yon adilt akonpye timoun yo epi pou yo anba sipèvizyon touttan.
- Vizitè yo pa gen dwa an libète kondisyonèl, an sirsi, ou byen nan peryòd plasman a leksteryè san pèmisyon alekri alavans kòmandan etablisman an.
- Vizitè yo pa otorize vizite plis pase yon prizonye an yon jou. Yo gendwa apwouve yon eksepsyon nan règ sa a si yon fanmi pwòch plizyè prizonye an detansyon nan etablisman an. Kòmandan etablisman an gendwa decide li pral akòde lòt eksepsyon toujou.
- Si gen ajisman oswa jès ki vilgè, yo pral sispann vizit la. Si yo mande w pou w ale, ale touswit.

**Kòd Vestimantè Vizitè yo:** Si vizitè w refize respekte kòd vestimantè a, yo gendwa refize kite w fè vizit la oswa yo pral sispann li.

### Kòd vestimantè ki annapre a obligatwa tout tan.

- a. Se pou tout moun gen mayo ak soulye nan pye yo.
- b. Yo p ap kite antre okenn vizitè yo ki mete rad ki gen mo oswa foto ki vilgè oswa ofansan souyo.
- c. Tòp, mayodben, tenk tòp, kostim naje, mayo ki san bretèl, mayo ki gen ti bretèl fen (spaghetti straps), spandex, rad ak rip, rad pwovokatif, nenpòt rad ki ekspoze mitan an, oswa kout, rad mini, ak miniskirite ki parèt twò kout pa rive nan jenou yo entèdi..

Se estaf sant vizit la ki pral decide si rad la apwopriye.

**SÈVIS SWEN SANTE:** Yo pa gen dwa refize okenn prizonye resevwa swen medikal, sante manral oswa pou

dan pandan li an detansyon. Kapasite pou peye pou sèvis medikal p ap gen okenn enpòtans sou sèvis yo ofri yo. Gen pwofesyonèl swen sante kalifye ki disponib pou bay swen medikal, sante mantal ak pou dan nan tout etablisman BSO yo.

Yon nès te egzamine w medikalman pandan pwosesis admisyon an. Si w pa t bay nès la enfòmasyon konplè ak presi sou istwa medikal ou an, ikonpri nenpòt medikaman yo preskri w pou w prana k bezwen medikal espesyal ou gendwa genyen (ki gen ladann restriksyon rejim alimantè), ou ta dwe kontakte estaf medikal la san pèdi tan.

Pandan de (2) premye semèn detansyon yo, yo pral fè yon egzamen konplè de sante w lo gen ladann tès pou tibèkilòz ak egzamen fizik. M ap repete sa pou w: se nan enterè w pou kowopere ak estaf medikal la epi pou ba yo enfòmasyon ki konplè ak presi. Tès tibèkilòz la obligatwa ak echèk konfòme li pral rezilta nan izolasyon ou.

Tout prizonye yo ta dwe konnen gen yon enfeksyon po ki rele “MRSA” ki rive souvan nan prizon ak nan anviwònman prizon. Si w gen lezyon (sikatis) sou po w ki sanble yon mòde zarenyen oubyen yon bouton ki gen pi ladann, mande nès la pou li egzamine l. Sèvis sa a gratis. Pibon prevansyon an se bon ijyèn pèsònèl, espesyalman lave men souvan epi pa pataje rad, sèvyèt ni dra ak lòt moun.

**Aksè pou swen:** Sèvis swen sante yo aksesib si w ranpli fòm **Demann Medikal**. W ap jwenn fò sa yo nan men nès la pandan l ap deplase pou bay medikaman. Ou **dwe** remèt nès yo demann ki ranpli nèt la; pa bay yon deputy li. Sonje demann pou sèvis medikal yo dwe make sèlman sou yon Demann Medikal, pa sou fòm Demann Prizonye nan kyòs la.

**Lis Pri yo:** Gen yon lis pri pou divès sèvis medikal ki afiche nan Kyòsk / inite zòn lojman ou an. Yo p ap janm refize ba w sèvis swen sante paske ou pa gen mwayen pou peye. (Ou pral resevwa swen medikal, sante mantal, pou dans kèlkeswa si ou kapab peye ou pa.)

Premye egzamen medikal / sante mantal / pou dan ap gratis ansanm avek lot sèvis medikal ki dekri epi ki afiche nan zòn / inite lojman ou an. Yo p ap faktire w pou sa ki annapre a:

- Sèvis sante mantal
- Preskripsyon ak medikaman sikotwopik
- Swen pandan y ap kay nan sante mantal, Enfimyè, respiratwa oswa nenpòt inite izolasyon, Covid-19 sispèk oswa konfime inite, oswa nenpòt lòt inite detèmine pa Direktè Medikal la satisfè bezwen etablisman an.
- Premye egzamen evalyasyon medikal / sante mantal / pou dan
- Vizit swivi pou pwoblèm sante ki la deja si founisè a pwograme yo nan swasant (60) jou premye aprè premye vizit la
- Bilan sante
- Tès pou detekte maladi ki enfektyèz, tibèkiloz ak MRSA
- Sèvis laboratwa
- Sèvis jesyon gwosès tankou: tès gwosès; swen prenatal woutin ak pou risk elve; jesyon moun kriminèl yo ki gen yon depandans ak pwodui chimik; seyans terapi ak asistans konplè pou ede kriminèl la pran desizyon pou leve timoun, adopsyon oubyen avòtman; nitrisyon ki apwopriye; ak swivi pou pospatòm
- Infestasyon tankou pou ak gal
- Swen medikal ann ijans ki mande entèvansyon medikal imedyat andeyò
- Tretman blesi akòz izaj fòs, konfwontasyon ak prizonye, verifikasyon imobilizasyon ak chòk moun lan pa bay pwòp tèt li
- Egzamen medikal ki nesèsè pou tounen yon travayè prizonye
- Chòk sibi pandan yo t ap travay antanke travayè prizonye
- Vaksen grip anyèl
- Swen coronavirus ak vaksen yo

Medikaman kontwa an, ki gen ladan soulaje doulè, disponib atravè komisè. Si w ap pran medikaman sou preskripsyon epi ou lage nan prizon, ka ranmase medikaman ou (yo) nan famasi lokal ou a gratis pou ou. Kantite lajan an ak kalite medikaman yo pasyan espesifik. Nou te mete yon kat famasi nan pwopriyete ou ki bon pou yon sèl fwa ranmase medikaman liberasyon ou (yo). Swiv enstriksyon yo sou kat famasi a pou jwenn medikaman lage gratis ou (yo). Kat la ekspire nan 72 èdtan liberasyon ou a nan prizon.

**SIDA-/VIH:** Tès VIH ak enfòmasyon disponib nan men pèsònèl medikal la, si w fè demann la.

**STD AK Lòt Maladi ki Simaye (Enfektyèz):** Yon varyete sijè sante (egzanp, MRSA, Syphilis, elatriye) disponib pou revizyon ou an sou kiosk nan inite lojman w la. Nou ka bay bwochi ak ti liv sou demann ou an lè l sèvi avèk fòm demann medikal la.

---

**SÈVIS SWEN SANTE:** Sèvis swen sante disponib pou tout prizonye yo. Sèvis pou swen cheve pral dewoule konfòmeman ak orè a. Ou gendwa resevwa premye koup cheve w nan trant **(30)** jou aprè yo te mete w nan prizon pou premye fwa ak anviwon chak trant **(30)** jou apres. Yo gen dwa elimine règ trant **(30)** jou a pou rezon medikal, rezon ijyèn oswa pou prizonye ki pwograme pou yo parèt nan tribinal. Si sa nesèsè, yo pral bay yon prizonye ki dwe parèt nan yon **pwosè** yon koup cheve twa **(3)** jou maksimòm anvan dat pwosè yo. Se oumenm ki responsab pou enskri pou sèvis swen cheve daprè orè a.

---

**SÈVIS RELIJE:** Gen sèvis relijye ki pwograme omwens yon fwa chak semèn pou pifò zòn / inite lojman yo. La gade orè a pou wè lè yo disponib pou w. Pifò mès yo san denominasyon. Atik tankou kat pou jwe, liv pou rilaks oubyen bagay pou li **pa otorize** pandan mès la. Sepandan, yon (1) liv pou kwayans relijye (pa egzanp, la Bib, Koran, Torah, elatriye) otorize pandan lamès.

Se pou prezante demann pou liv pou larelijyon (liv sakre yon relijyon ki otorize) yo pral pote nan prizon an sou yon fòm **Demann Prizonye** Chaplen Sèvis an. Se pou yo voye demann prizonye yo pou atik relijye ak atik litirji Sèvis Chaplen an pou li apwouve. Sèvis Chaplen an ansanm ak yon reprezantan relijyon prizonye a dwe apwouve tout atik relijye pèsònèl anvan yon prizonye otorize pou kenbe yo.

---

**DIVÈTISMAN:** Orè pou divètisman andedan ak andeyò (**si lameteyo a bon**) afiche andedan zòn / inite lojman ou an. Ou gendwa enskri pou divètisman sou fèy enskripsyon yo mete pou sa nan inite lojman ou an. Yo p ap otorize w pou w ale nan divètisman si ou pa siyen pou enskri pou li.

Enskripsyon pa nesèsè nan sèten etablisman detansyon BSO akòz jan lakou divètisman yo ye. Mande deputy ki responsab zòn lojman ou an si li nesèsè pou kote w ye a. Ou dwe rete **an silans epi pa fè dezòd** pandan y ap eskòte w nan zòn divètisman yo.

---

**PWOGRAM YO:** Divizyon Sèvis Konpòtman An Detansyon (In-Custody Behavioral Services Division, ICBSD) an ofri prizonye yo aktivite siko-edikasyonèl pou pou abòde faktè ki gen pou wè ak konpòtman ak faktè sikolojik ki favorab epi ki ankouraje ensidans abi sibstans tankou dwòg ak alkòl epi/oswa konpòtman ki debouche sou anprizonman. Pwogram yo bay prizonye yo yon orè fiks aktivite toulejou ki gen ladann sesyon angwoup, plan leson, devwa nan kaye leson ak ansèyman videyo nan gwoup redrèsman an 12 Etap (AA/NA). Pwogram yo disponib pou prizonye gason ak fi yo, yo bezwen yon òdonans tribinal pou jwenn aksè nan yo epi yo dire 30 jou. Estaf pwogram la pral rekrute prizonye ki pòte tèt yo volontè pou pwogram yo, ofireamezi gen plas kabann ki disponib. Kèlkeswa si w ap patisipe volontèman oubyen akòz yon lòd tribinal la ba w, patisipasyon ou pral depann si w satisfè kritè klasifikasyon yo pou plasman nan yon inite lojman pwogram la.

Gen twa (3) konpozan nan pwogram ICBSD an ofri andedan etablisman within BSO yo:

**PWOGRAM POU ABI SIBSTANS TANKOU DWÒG AK ALKÒL (SAP):** Pati SAP pwogram lan se yon entèkansyon ki dire 30 jou ki konsantre prensipalman sou edikasyon abi sibstans debaz ki gen pou wè ak edikasyon nan domèn tèminoloji abi dwòg ak alkòl, sibstans ki abize yo, idantifikasyon ak evite faktè deklanchè yo, prevansyon rechit ak divès eleman emosyonèl adiksyon ak redrèsman.

**PWOGRAM KONPETANS POU LAVI:** Pati Konpetans pou Lavi nan pwogram la se yon entèkansyon ki dire 30 jou ki gen ladann enstriksyon sou abi dwòg ak alkòl, fason kriminel ak adikt yo panse, konpetans pou aprann kontwole tèt ou, fòmasyon pou aprann leve timoun, planifikasyon asosyasyon divètisman ak kanmarad, prevansyon rechit ak konpetans pou retounen nan kominite a.

**PWOGRAM INITE SANTE MANTAL YO:** Pwogram sante mantal yo se sèvis volontè yo ofri nan inite sante mantal. Sèvis sa yo gen ladann gwoup siko-edikasyonèl, entèkansyon pou kriz, terapi endividyèl kout ak planifikasyon pou egzeyat.

**ANSÈYMAN ESPIRITYÈL:** Pwogram sa a ofri yon posibilite san parèy pou patisipe nan yon inite vi espiyritiyèl ou chwazi a. Yo pral ofri yon anviwònman ansèyman estriktire an kolaborasyon ak Sèvis Chaplen ak volontè egliz yo.

**EDIKASYON:** Edikasyon se kle pou yon bèl lavni ak pou anpil opòtinite pou patisipe nan pwosesis sa a ki y ap ofri andedan etablisman BSO yo. Si w pa renmen patisipe nan pwogram lekòl la epi ou pa gen yon diplòm lise, ranpli yon Demann Prizonye epi voye nan demann edikasyon pou mande pou patisipe nan pwogram saa.

---

**BIBLIYOTÈK LEKTI (DIVÈTISMAN):** Yo pote swa yon pousèt liv mobil oubyen yon etajè ki gen divès atik pou li oubyen y ap plase yo andedan zòn / inite lojman ou an regilyèman. Tcheke orè inite lojman ou an pou jwenn ki jou ak akilè. Gen journal ki disponib tou epi yo livre toulejou nan inite yo. Ou gendwa achte magazine divès kalite nan ekonomat la.

---

**ANREJISTREMAN PREZANS AK RE-ANTRE A:** Jounen rapòte ak Divizyon Reentry (DRD) ede soulaje foul moun yo ak reyentegre moun tounen nan kominote a. Moun sa yo ka fèk liberasyon nan prizon oswa yo ka gen yon istwa patisipasyon nan sistèm jistis kriminel la. Gen kèk patisipan yo te bay lòd pou pwogram nan kòm yon kondisyon nan pwobasyon, byenke tout prizonye ki lage nan nenpòt nan enstalasyon yo ka jwenn aksè nan pwogram "Prizon Reentry" ki sitiye nan gwoup la nan Prizon prensipal la nan Fort Lauderdale. Divizyon an bay kliyan ak mekanis sipò ki nesèsè yo tranzisyon avèk siksè tounen nan kominote a, pandan y ap an menm tan an siveyans aktivite yo pou anpeche residivis. Espesyalis sipèvizyon ak Devlopè Travay yo ap travay avèk ofansè nan adrès bezwen tankou itilizasyon sibstans, ladrès lavi, sanzabri, asistans travay, konsèy karyè ak evalyasyon, evalyasyon pèsonalite, jesyon kòlè, ak lòt



pwoblèm ki ka kontribye nan konpòtman yo. Genyen tou enfòmasyon sou Pwogram Rapò ak Reentry sou kyòs la.

---

**DIVIZYON SÈVIS ANVAN PWOSE:** Pwogram Sèvis Anvan Pwosè a fè pati nan inisyativ BSO yo pou re-oryante akize kriminel yo pou yo pa bezwen ale nan prizon anvan pwosè yo, sa ki reprezante yon apwòch entegre nan pratik lapolis. Fonksyon li gen ladnan entèvyouve defansè yo ki gendwa kalifye pou yo lage yo de prizon, ofri jij la pandan pwosesis Premye Parisyon nan Tribinal la yon evalyasyon risk, sipèvizè defandè yo nan kominote a epi asire kondisyon tribinal la egzije yo byen respekte. Kondisyon sa yo gendwa enkli siveyans elektwonik (revidans siveye) ak tès pou dwòg/alkòl. Si ou pa respekte nenpòt nan kondisyon yo, yo gendwa revoke w nan pwogram la epi y ap remete w an detansyon.

Si fanmi w ta renmen plis enfòmasyon konsènan règ, sèvis ak pwogram Depatman Detansyon ak Pwogram Kominotè BSO an aofri, mande yo al gade nan wèbsayt: [www.sheriff.org](http://www.sheriff.org) epi swiv lyen an ki rele Enfòmasyon sou Prizon ak pou Prizon yo Inside BSO>Community Programs>Pretrial Services Division

---

## ANYÈ SÈVIS KI DISPONIB APRÈ OU LIBERE:

### Chèltè:

#### **Covenant House**

Chèltè ijans / tanporè ak entèkansyon pou kriz pou moun ki gen mwens ke 21 lane ki gen tibebe ou pa;  
admisyon 24 sou 24  
733 Breakers Avenue, Fort Lauderdale ..... (954) 561-5559

#### **Faith Farm**

Pwogram rejenrasyon rezidansyèl ki baze sou le Krist pou Alkòl / Dwòg pou gason ki gen 21 lane oswa plis.  
Oud we agaje w 6 a 8 mwa minimòm; enskripsyon depannde entèvyou admisyon an. Admisyon an se ant  
9:00 a.m. ak 3:00 p.m.  
1980 NW 9th Avenue, Fort Lauderdale... (954) 468-1402

#### **Lippman Youth Shelter**

Chèltè ijans / tanporè pou jwennjan ki gen mwens ke 18tan; admisyon 24 sou 24  
221 NW 43 Court, Oakland Park..... (954) 568-2801

#### **Salvation Army**

Chèltè ijans / tanporè pou gason, fanmi, fanmi  
1445 West Broward Boulevard ..... (954) 524-6991

#### **Women in Distress**

Chèltè ijans / tanporè pou fanm ak timoun; admisyon 24 sou 24 ..... (954) 761-1133

### Sèvis Abi Sibstans (Dwòg ak Alkòl):

#### **Alcoholics Anonymous**

- North Center ..... (954) 462-7202
- South Center..... (954) 462-0265

#### **Broward Addiction Recovery Center (BARC)**

325 SW 28<sup>th</sup> Street, Fort Lauderdale ..... (954) 357-4880

**Nimewo pou Kriz (24 sou 24)**.....Lè biwo nòmal yo 954 463-0911 aprè sa (954) 739-8066  
**Narcotics Anonymous** ..... (954) 967-6755  
**Niewmo Nasyonal Gratis Abi Sibstans ak Sèvis Sante Mantal (24 sou 24)** .....1-800-662-HELP (4357)

### Swen Sante:

#### **Archways** Seyans terapi sante mantal ak tretman

919 NE 13<sup>th</sup> Street, Fort Lauderdale ..... (954) 763-2030

#### **Henderson Mental Health Center**

Seyans konsèy medikal ak tretman  
3501 South University Drive, Ste 6, Davie ..... (954) 888-7999

#### **Broward County Elderly and Veteran Services Division**

Seyans konsèy ak tretman pou moun ki gen plis pase 55kan.....(954) 357-6622

**Specialty Care Center**

Swen medikal ak pou dan, referans  
1111 W. Broward Blvd, Fort Lauderdale ..... (954) 463-7313

**Henderson Mental Health Center**

Seyans terapi ak treman pou sante mantal  
4720 N State Rd 7, Lauderdale Lakes ..... (954) 463-0911

**HIV-Jail Linkage Program**

Evalyasyon pou sèvis medikal ak sosyal, referans, lojman, Sosyal Sekirite, pwogram pou dwòg, jesyon dosye  
800 E. Broward Boulevard, Suite 301, Fort Lauderdale ..... (954) 467-4700

**North Broward Hospital District-Health Assistance Center ..... (954) 467-4705**

**Manie:****LifeNet for Families Co-op Feeding Program**

1 NW 33rd Terrace, Fort Lauderdale ..... (954) 792-2328

**St. John's Episcopal Church**

1704 Buchanan Street, Hollywood (11 a.m. pou 12 p.m.) ..... (954) 921-3721

**Sèvis pou Veteran yo:****Fort Lauderdale Vet Center**

3666 W. Oakland Park Blvd, Lauderdale Lakes, FL 33311 ..... (954) 714-2381

**Jobs:****CareerSource Broward**

Central Center 2610 W Oakland Park Blvd, Fort Lauderdale, FL 33311 .....  
**(954) 677-5555**

North Center – 4941 Coconut Creek Pkwy Coconut Creek, FL 33063..... **(954) 969-3541**

South Area - 7550 Davie Road Extension, Hollywood, FL 33024.....  
**(954) 967-1010**

**Pwogram Pwofesyonèl-Teknik yo:****Atlantic Technical Center**

Ranpli yon aplikasyon pou akseptasyon ak admisyon.  
4700 Coconut Creek Parkway, Coconut Creek ..... **(754) 321-5100**

**McFatter Technical College and High School**

6500 Nova Drive, Davie.....**(754) 321-5700**

**Sheridan Technical College**

5400 Sheridan Street, Hollywood ..... **(754) 321-5400**

**ENFÒMASYON KI ANNAPRE YO PRAL EDE W JWENN AKSÈ NAN TRETMAN SANTE MANTAL AK SWEN MEDIKAL NAN KOMINOTE A.**

SI W ABITE NAN FORT LAUDERDALE OUBYEN NAN ZÒN ONÒ KONTE BROWARD LA:

**TRETMAN POU SANTE MANTAL**

HENDERSON CRISIS WALK-IN CENTER  
4720 N. STATE ROAD 7 BLDG. B  
LAUDERDALE LAKES, FL 33319  
(954) 463-0911

BROWARD OUTREACH CENTER  
1700 BLOUNT ROAD  
PAMPANO BEACH, FL 33069  
(954) 779-3990

**SWEN MEDIKAL**

CORA E. BRAYNON FAMILY HEALTH CENTER  
200 NW 7<sup>TH</sup> AVE.  
FT. LAUDERDALE, FL 33311  
(954) 759-6600

**SWEN IJAN / IJANS**  
BHMC 1600 ANDREWS AVE  
FT. LAUDERDALE, FL 33316  
(954) 355-4400

SI OU ABITE NAN HOLLYWOOD OUBYEN NAN ZÒN OSID KONTE BROWARD LA:

**TRETMAN SANTE MANTAL**

HENDERSON  
3501 S. UNIVERSITY DRIVE #6  
DAVIE, FL 33328  
(954) 888-7999

MEMORIAL REGIONAL HOSPITAL  
3400 N. 29<sup>TH</sup> AVE.  
HOLLYWOOD, FL 33020  
(954) 987-2000

HENDERSON SOUTH (Vini san randevou madi e vandredi, 8:00 a.m. pou midi)  
1957 JACKSON STREET  
HOLLYWOOD, FL 33020  
(954) 921-2600

**SWEN MEDIKAL**

SOUTH REGIONAL HEALTH CENTER  
4105 PEMBROKE ROAD  
HOLLYWOOD, FL 33021  
(954) 467-4700

\*POU **RETABLI AVANTAJ** OUBYEN POU FÈYON APLIKASYON, TANPRI KONTAKTE ADMINISTRASYON SOSYAL SEKIRITI A NAN: 1-800-772-1213.

\*POU **CHÈLTÈ ANN IJANS/TANPORÈ**, TANPRI rele nan (954) 537-0211 oswa "211" pou kontakte First Call for Help of Broward.

\*SI YO **LAGE W LÈ BIWO YO FÈMEN DE YOUN NAN ETABLISMAN ONÒ NOU YO**, TANPRI MACHE RIVE NAN **BROWARD OUTREACH CENTER** KI CHITA NAN 1700 BLOUNT ROAD, TOUJIS ONÒ BIWO PRIZON NORTH BROWARD LA, YO PRAL BAY YON CHÈLTÈ POU 3 JOU.

**SANT SAN RANDEVOU**

PEER CENTER (954) 202-4456  
4545 POWERLINE RD

MENTAL HEALTH AMERICA (954) 746-2055  
7145 W OAKLAND PARK BLVD

FT LAUDERDALE, FL 33309

LAUDERHILL, FL 33313

**RESTRIKSYON SOU KOMISÈ REGILYE /OTORIZE NAN LIS SELIL PÈMÈT**

<b>RESTRIKSYON SOU EKONOMAT REGILYE</b>			
2	Likid pou Raze-Chanpou-Lave Kò nan yon grenn boutèy 4 ons	1	Krèm Adeziv pou Aparèy pou Dan 2.5 ons
2	Bar Savon 4 ons	1	Veso pou Kenbe Aparèy pou Dan nan Douch la
1	Veso pou Savon	1	Likid pou Lantiy Kontak (Transparan) 4 ons
2	Deyodorant	1	Bwatye Lantiy Kontak (Transparan)
2	Losyon 4 ons	1	Krèm pou Raze Regilye 6 ons
1	Pomad cheve (Bokal Plastik) 4 ons	1	Krèm pou Raze Dous 6 ons
3	Pony 'O' (Nwa)	1	Je Kat pou Jwe
1	Peny Nwa 5 pous	1	Je Kat Pinochle
2	Boutèy Chanpou 4 ons	1	Diksyoné Anglé
2	Rens pou cheve 4 ons	1	Diksyonè Panyòl Anglé

Sa ki annapre a se yon lis detaye kantite maksimòm chak atik yon prizonye gendwa genyen nan selil li. Atik sa yo pa kapab gen bouton, zip oubyen okenn pati an metal.

### **“LIS ATIK KI OTORIZE NAN SELIL”**

<b>LIS ATIK KI OTORIZE NAN SELIL</b>		
kanè adrès	1	kouvèti mou
liv / magazin	8*	Konbinezon divètisman (sèlman 2 atik lekti ki soti nan Bibliyotèk Divètisman an), edikatif oubyen relijye (kouvèti dous sèlman). Mezon edisyon an oswa yon founisè otorize dwe voye prizonye a atik lekti ki pibliye yo dirèkteman.
peng	1	
ekonomat (regilye)	\$70 nan posesyon w	pa enkli ekspesyon ki apwouve yo
lantiy kontak	1 bwat oswa 1 pè	1 bwat (montan an ka varye) kontak jetab fleksib oswa 1 pè kontak di. ak / bwat pou mete yo (ekonomat la vann likid pou kontak yo)
dentye	1 seri	ak / bwat pou mete yo
kat postak ak anvlòp ki gen tenm sou yo	10	nan Ekonomat la sèlman pou ou achte yo
aparèy pou tandè	2	medikal dwe apwouve
dokiman jiridik	2 volim papye (1000 paj)	Kòmandan etablisman an gendwa fè ekspesyon pou kantite sa a nan sèten sikonstans.
medikaman san preskripsyon	1 rezèv pa semèn	
Pli- kreyon	2 chak	
Kat posts	100	
Preskripsyon linèt	2 (1 pou li, 1 preskripsyon)	avek / bwat pou mete yo (Ekonomat la vann linèt pou li; epi medikal dwe apwouve kèlkeswa linèt yo resevwa/nan sal kourye lapòs)
pwotèz	medikal la otorize	
atik relijye	Chaplen an apwouve*	
lasèt	1 pè	
chòt	1 pè	tip divètisman (san fisèl pou sere yo ak san pòch)
sandal pou lè w sot douche	1 pè	
tenis	1 pè	Prizonye travayè yo gendwa gen 2 pè, si travay yo mande sa.
chosèt	3 pès	
mayo manch long oswa sweatshirt	1	san kòl ni kagoul pou mete sou tèt (gri sèlman)
chemizèt	4	blan sèlman - san logo ni anyen pa dwe make sou yo
sou-vètman (kalson, kilòt)	4 pè pou gason, 7 pè pou fi	
soutyen	2	
tablet pou ekri	2	

\*Liv ak materyo yo bay prizonye k ap patisipe nan pwogram edikasyon ak self-help etablisman an pa enkli nan total sa a.

\*\*Chaplen an dwe apwouve tout atik relijye yo oswa litirjik yo (nan Demann Prizonye).

Atik ki twòp yo gendwa echanje grasa demann prizonye a voye bay Property.

## Enfòmasyon Sou Retablisman Dwa Vot Yo

Yo nan lòd yo enskri pou vote nan Florid, ou dwe:

- Fè yon sitwayen Ameriken,
- Fè yon rezidan Florid,
- Fè omwen 18 ane fin vye granmoun (ou ka pre-enskri nan 17, men ou pa ka vote jiskaske ou se 18).
- Yo pa te kondane pou asasinay oswa nenpòt krim seksyèl. Pou nenpòt lòt kondanasyon krim, ou kalifye pou vote sou fini tout kondisyon santans krim lan.

### Poko anrejistre pou vote?

Si ou poko anrejistre pou vote, ou dwe premye ranpli Aplikasyon Pou Enskripsyon Florid la, ki ou ka mande sa nan Depite Lojman ou. Aplikasyon an ranpli epi siyen yo dwe mete nan yon anvlòp adrese nan Sipèvizè eleksyon yo nan konte a kote ou abite itilize pwosedi yo lapòs. Remake byen ke pandan ke pa gen okenn longè tan ou dwe viv nan yon konte yo enskri pou vote, ou dwe enskri omwen 29 jou anvan eleksyon an nan ki ou vle vote.

Adrès postal pou Sipèvizè Eleksyon yo nan tout konte Florid yo ki nan lis nan paj sa a.

Remak: Sou liy 8 nan Aplikasyon Enskripsyon Votè a (Adrès postal), ou dwe itilize adrès postal la (ak Bwat Postal la P.O. kote ou ye a. Etablisman adrès postal yo nan manyèl la prizonye ak sou kyòs la.

### Deja anrejistre pou vote?

Si ou deja anrejistre pou vote, ou ka mande yon bilten vòt pa lapòs soti nan Sipèvizè eleksyon yo nan Konte a kote ou anrejistre pou vote. Yon demann bilten vòt pa lapòs dwe resevwa pa Sipèvizè Eleksyon yo pa pita pase 5:00 p.m. nan dizyèm jou avan jou eleksyon an.

Ou dwe resevwa bilten vòt ou ranpli a pa Sipèvizè biwo Eleksyon yo nan Konte a kote ou anrejistre pou vote pa 7 p.m. nan Jou Eleksyon an pou li dwe konte.

### Enfòmasyon sou Retablisman Dwa Vote

Daprè lwa Florid la, pèsonn pa kondane pou yon krim ki dwe kalifye pou vote jiskaske restorasyon dwa vòt yo. Dapre Atik VI, Seksyon 4, nan Konstitisyon Florid la, dwa vòt yo retabli sou fini ak tout tèm santans krim lan, ki gen ladan pwobasyon ak parole, eksepte pou kondanasyon pou asasina oswa yon krim seksyèl.

Dispozisyon kriminèl ou gen tèm ak kondisyon fraz kriminèl ou. Si ou bezwen yon kopi dispozisyon kriminèl ou, ou ka mande li nan konfinman Estati konfinman an lè l sèvi avèk kyòs la nan inite lojman w la.

Tanpri sonje ke pou kalifye pou vote apre fraz ou, ou dwe ranpli yon aplikasyon enskripsyon votè yo epi soumèt li bay Sipèvizè eleksyon yo.

<b>Adrese anvlòp ou nan Sipèvizè Konte ou.</b>	<b>Flagler</b> -Supervisor of Elections PO Box 901 Bunnell FL 32110-0901	<b>Lake</b> -Supervisor of Elections PO Box 457 Tavares FL 32778 -0457	<b>Pasco</b> -Supervisor of Elections PO Box 300 Dade City FL 33526-0300
<b>Alachua</b> -Supervisor of Elections 515 N Main St Ste 300 Gainesville FL 32601-3348	<b>Franklin</b> -Supervisor of Elections 47 Ave F Apalachicola FL 32320-1723	<b>Lee</b> -Supervisor of Elections PO Box 2545 Fort Myers FL 33902-2545	<b>Pinellas</b> -Supervisor of Elections 13001 Starkey Rd Largo FL 33773-1416
<b>Baker</b> -Supervisor of Elections PO Box 505 Macclenny FL 32063-0505	<b>Gadsden</b> -Supervisor of Elections PO Box 186 Quincy FL 32353-0186	<b>Leon</b> -Supervisor of Elections PO Box 7357 Tallahassee FL 32314-7357	<b>Polk</b> -Supervisor of Elections PO Box 1460 Bartow FL 33831-1460
<b>Bay</b> -Supervisor of Elections 830 W 11th St Panama City FL 32401-2336	<b>Gilchrist</b> -Supervisor of Elections 112 S Main St Rm 128 Trenton FL 32693-3260	<b>Levy</b> -Supervisor of Elections 421 S Court St Bronson FL 32621-6520	<b>Putnam</b> -Supervisor of Elections 2509 Crill Ave Ste 900 Palatka FL 32177-4267
<b>Bradford</b> -Supervisor of Elections PO Box 58 Starke FL 32091-0058	<b>Glades</b> -Supervisor of Elections PO Box 668 Moore Haven FL 33471-0668	<b>Liberty</b> -Supervisor of Elections PO Box 597 Bristol FL 32321-0597	<b>Santa Rosa</b> -Supervisor of Elections 6495 Caroline St Ste F Milton FL 32570-4592
<b>Brevard</b> -Supervisor of Elections PO Box 410819 Melbourne FL 32941-0819	<b>Gulf</b> -Supervisor of Elections 401 Long Ave Port St Joe FL 32456-1707	<b>Madison</b> -Supervisor of Elections 239 SW Pinckney St Madison FL 32340-2470	<b>Sarasota</b> -Supervisor of Elections PO Box 4194 Sarasota FL 34230-4194
<b>Broward</b> -Supervisor of Elections PO Box 029001 Ft Lauderdale FL 33302-9001	<b>Hamilton</b> -Supervisor of Elections 1153 US Hwy 41 NW Ste 1 Jasper FL 32052-5899	<b>Manatee</b> -Supervisor of Elections PO Box 1000 Bradenton FL 34206-1000	<b>Seminole</b> -Supervisor of Elections PO Box 1479 Sanford FL 32772-1479
<b>Calhoun</b> -Supervisor of Elections 20859 Central Ave E Rm 117 Blountstown FL 32424-2266	<b>Hardee</b> -Supervisor of Elections 311 N 6th Ave Wauchula FL 33873-2319	<b>Marion</b> -Supervisor of Elections PO Box 289 Ocala FL 34478-0289	<b>St. Johns</b> -Supervisor of Elections 4455 Ave A Ste 101 St Augustine FL 32095-5200
<b>Charlotte</b> -Supervisor of Elections 226 Taylor St Unit 120 Punta Gorda FL 33950-4458	<b>Hendry</b> -Supervisor of Elections PO Box 174 LaBelle FL 33975-0174	<b>Martin</b> -Supervisor of Elections PO Box 1257 Stuart FL 34995-1257	<b>St. Lucie</b> -Supervisor of Elections 4132 Okeechobee Rd Ft Pierce FL 34947-5412
<b>Citrus</b> -Supervisor of Elections PO Box 1870 Lecanto FL 34460-1870	<b>Hernando</b> -Supervisor of Elections 20 N Main St Rm 165 Brooksville FL 34601-2850	<b>Miami-Dade</b> -Supervisor of Elections PO Box 521550 Miami FL 33152-1550	<b>Sumter</b> -Supervisor of Elections 7375 Powell Rd Ste 125 Wildwood FL 34785-4228
<b>Clay</b> -Supervisor of Elections PO Box 337 Green Cove Springs FL 32043-0337	<b>Highlands</b> -Supervisor of Elections PO Box 3448 Sebring FL 33871-3448	<b>Monroe</b> -Supervisor of Elections 530 Whitehead St # 101 Key West FL 33040-6577	<b>Suwanee</b> -Supervisor of Elections 302 Pine Ave SW Live Oak FL 32064-2315
<b>Collier</b> -Supervisor of Elections 3750 Enterprise Ave Naples FL 34104-3659	<b>Hillsborough</b> -Supervisor of Elections 2514 N Falkenburg Rd Tampa FL 33619-0917	<b>Nassau</b> -Supervisor of Elections 96135 Nassau Pl Ste 3 Yulee FL 32097-8699	<b>Taylor</b> -Supervisor of Elections PO Box 1060 Perry FL 32348-1060
<b>Columbia</b> -Supervisor of Elections 971 W Duval St Ste 102 Lake City FL 32055-3709	<b>Holmes</b> -Supervisor of Elections 201 N Oklahoma St Ste 102 Bonifay FL 32425-2243	<b>Okaloosa</b> -Supervisor of Elections 302 N Wilson St Ste 102 Crestview FL 32536-3474	<b>Union</b> -Supervisor of Elections 175 W Main St Lake Butler FL 32054-1639
<b>Desoto</b> -Supervisor of Elections PO Box 89 Arcadia FL 34265-0089	<b>Indian River</b> -Supervisor of Elections 4375 43rd Ave Vero Beach FL 32967-1024	<b>Okeechobee</b> -Supervisor of Elections 304 NW 2nd St Rm 144 Okeechobee FL 34972-4146	<b>Volusia</b> -Supervisor of Elections 1750 South Woodland Blvd DeLand FL 32720-7915
<b>Dixie</b> -Supervisor of Elections PO Box 2057 Cross City FL 32628-2057:	<b>Jackson</b> -Supervisor of Elections PO Box 6046 Marianna FL 32447-6046	<b>Orange</b> -Supervisor of Elections PO Box 562001 Orlando FL 32856-2001	<b>Wakulla</b> -Supervisor of Elections PO Box 305 Crawfordville FL 32326-0305
<b>Duval</b> -Supervisor of Elections 105 E Monroe St Jacksonville FL 32202-3213	<b>Jefferson</b> -Supervisor of Elections 380 W Dogwood St Monticello FL 32344-1470	<b>Osceola</b> -Supervisor of Elections 2509 E Irló Bronson Memorial Hwy Kissimmee FL 34744-4909	<b>Walton</b> -Supervisor of Elections 571 US Hwy 90 E DeFuniak Springs FL 32433-1374
<b>Escambia</b> -Supervisor of Elections PO Box 12601 Pensacola FL 32591-2601	<b>Lafayette</b> -Supervisor of Elections PO Box 76 Mayo FL 32066-0076	<b>Palm Beach</b> -Supervisor of Elections PO Box 22309 West Palm Beach FL 33416-2309	<b>Washington</b> -Supervisor of Elections 1331 South Blvd Ste 900 Chipley FL 32428-2233





